ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№60 (23.468) ● 2017 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 5, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий хуэзащ лэжьыгъэ Іуэхуклэ республикэм щыІэ, Егъэджэныгъэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІ Кравцов Сергей

Ахэр тепсэлъыхьащ 2017 гъэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр къызэрыІахынум зыхуэгъэхьэзырым, нэхъ эффэкІышхуэ зыбгъэдэлъ щІалэгъуалэм ядэІэпыкъуным, щІыналъэм егъэджэныгъэмкІэ и Іэнатіэм зегъэужьыным япыщІа Іуэхуэм.

КРАВЦОВ С. С. жиІащ школаклуэхэм кІэух экзаменхэр къеІыхьнымкІэ хабзэ псори Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащІэу къызэриІыгъэр.

КІуэкІуэ Юрий Кравцов Сергей фЫщІэ хуищІащ республикэм тэмэму къыдэрыдэлажьэм, зэпымыууэ къызэрыдэІэпыкъум папщІэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

КІуэкІуэ Ю. А. иригъэкІуэкІащ «Фарма Интернешинал Компани Россия - СНГ» зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр зэтегъэуэвэжьым теухуа зэІущІэ

КІуэкІуэ Ю. А. КЪБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щриГъэкІуэкІащ «Фарма Интернешинал Компани Россия - СНГ» жэуап зэхэгъэщхьэхуклэ зыхь зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр зэтегъэуэвэжьым теухуа зэІущІэ. А зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр пІалъэкІэ къагъэувыІауэ щытащ экономикэр зэрызэІыхьам икІи къиГъэсэбэпын ахъшэ зэримыІэм къыхэкІыу.

КЪБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм иджыпсту къарушхуэ ирехьэлІэ «Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыныкІэ корпорацэ» зэгухьэныгъэм щыгъуу зэхилъхьа инвестицэ проектыр гъэзэщІэным. Абы хиубыдэу ди деж щащыфынущ рынокым щІэупщІэ щызиІэ хущхъуэ лІэужьыгъуэхэр. Мы проектым сом мелуан 390-м щІигъу текІуэдэнущ. Иджыпсту яубзыху производствэм и Іэнатіэщ Іэхэм зегъэужьыныкІэ, зыхуеину иджыдей Іэмэпсымэхэр къеушэлІэныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр. Ахэр нэсу къахуэгъэсэбэпмэ, лэжьапІэ Іэнатіэщ Іэхэр къызэІуахьыфынущ, республикэм и бюджетым халъхьэ налогхэри нэхъыбэ яхуэщІынущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ябыщІа Іуэхуэхэм къыхэкІыжьну мурад зыщІахэр мамыр гъащІэм хэзэгъэжьын папщІэ ядэІэпыкъунымкІэ щыІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м къыдигъэкІа Указ №43-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ябыщІа Іуэхуэхэм къыхэкІыжьну мурад зыщІахэр мамыр гъащІэм хэзэгъэжьын папщІэ ядэІэпыкъунымкІэ щыІэ комиссэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ябыщІа Іуэхуэхэм къыхэкІыжьну мурад зыщІахэр мамыр гъащІэм хэзэгъэжьын папщІэ ядэІэпыкъунымкІэ щыІэ комиссэм хэтхэр къэщтэныем теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2016 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м къыдигъэкІа Указ №43-УГ-мкІэ къищтам, мы къыхэкІыжьну зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Бабаев А. М. - Урысей Федерацэм Следствиемкі э и комитетым Следствиемкі э и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и къудзэр *(зэгурыІуауэ)*

Чэлимэт Р. А. - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и Федеральнэ къулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и къудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Кривко М. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законым тетынымрэ хабзэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Мамхэгъ Н. М. - къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и къудзэр - Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и полицэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*;

б) **Тату Къ. Б**. и кулыкъым зэреджэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым и Секретарыр»;

в) Комиссэм къыхэгъэкІыжьын Ещыгуаузэ Р. Ш., Киселёв А. В., Мовсисян Г. О., Танифа В. А. сымэ.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 29-м
№43-УГ

«ТекІуэныгъэм папщІэ балли 100» урысейпсо лэжьыгъэр Налшык щыщрагъажьэм абы хэтахэр яхуэщыгъуащ Санкт-Петербург къыщыхъуа гуэзвэгъуэм хэкІуэдахэм

Дыгъуасэ Налшык гъуэгу щытрагъэуважащ Урысейм Экологиемкі э и илъэсым хуагъэпса «ТекІуэныгъэм папщІэ балли 100» къэралпсо Іуэхур. Абы хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А., Егъэджэныгъэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІ Кравцов С. С., Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хиубыдэ субъектхэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкі э я министрхэр, школхэр фІы дыдэу къэзыухъуэр. Зэхьыхьэм кърихьэлІахэр яхуэщыгъуащ Санкт-Петербург щыІэзехащІыхьа щІэпхъаджагъэм зи гъащІэр ихьаким. Ижь дыдэу къата бжыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, террористхэм къызэрагъэпэща а хьэкІэкъуэкІагъэм хэкІуэдахэр цІыху 14 мэхъу. ЦІыху щэ ныкъуэм нэблагъэм фэбжь зэмылІэужьыгъуэхэр ягъуэтащ.

ФЕДЕРАЛЬНЭ хъыбарегъащІэ агентствэхэм ящыщ зым и лэжьакІуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкІэ ялэжьхэм теухуауэ зыщІэупщІам и жэуапу КІуэкІуэ Юрий жиІащ:

«Санкт-Петербург къыщыхъуа гуэзвэгъуэр аргуэру зэ щыхьэт тохъуэ терроризм пэщІэтыныкІэ псоми я къарур зэщІэгъэуІуэн зэрыхуэйм теухуауэ Урысейм и Президент Путин В. В. жиІар нэгъэсауэ зэрыпэжым. Ди жагъуэ зэрыхъущи, мы зэманым апхуэдэ гуэзвэгъуэ дунейм и дэтхэнэ Іыхьэми къыщыхуэкІынкІэ хъунущ. Ди республикэм щыІэ щытыкІэм хэхауэ утепсэлъыхьымэ, къэгъэльэгъуапхъэщ мы Іуэхум дэ куэд щІауэ гупльитэ хэха зэрыхуэтщІыр. Мыр Іуэху къызэрыгуэкІкъым, абы зэкІэлъыкІуэу икІи текІ имыІэу елэжьныпхъэщ, сытым дежи щІэпхъаджащІэхэм япэ зибгъэщу икІи абыхэм я мурадхэр къызэпыбуду. Шынагъуэ къэхъункІэ хъуну гурыщхъуэ уззыгъэщІ зы Іуэхуи цІыху пыухыкІам гу лъимытэу блигъэкІ хъунукъым. Ар псоми ди зэхуэдэ къалэнщ. Иджыпсту дэ тхузэфІокІ мы Іуэхум тКІийуэ дыкІэлъыплъынымкІи гузэвэгъуэхэр къэдмыгъэхъун. Иужьрей илъэсхэм ди деж щыІэ щытыкІэм нэрылъагъуэ зихъуэжащ. Террорым пэщІэтынымкІэ лъэпкъ комитетым и унафэм дыщІэту дэ жьыджэру долажьэ икІи абы и лъэныкъуэкІэ зэфІэкІ пыухыкІахэр диІэ хъуащ. Дэ ди мурадщ республикэм исхэр къызэмыщтыкІыжу псэун папщІэ ди къарум кьихь псори дяпэкІи длэжьыну. Арыншамэ егъэджэныгъэ, экономикэ, инвестицэ жьхуэтІэхэр щыІэнукъым».

Кравцов Сергей кьигъэльэгъуащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр къыщыІахкІэ къызэрымыкІуэ щытыкІэхэр къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэр. «Абы и лъэныкъуэкІэ къэув кьалэнхэр зыхуэдэр псоми ящІэ. Школхэр къэзыухэм кІэух экзаменхэр къыщыІахкІэ МВД-ри дэІэпыкъуэгъуущытынущ», - къыхигъэщхьэхуклащ абы.

Ирагъажьэ Іуэхум и мыхьэнэм щытепсэлъыхьым Егъэджэныгъэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъынымкІэ федеральнэ агентствэм и унафэщІым къыхигъэщхьэхуклащ егъэджэныгъэ Іэнатіэм зегъэужьыным республикэм зэрыщегугъур, щІэныгъэ гуэдзэн сабийхэм егъэгъэтынымкІэ центр нэхъыфІ дыдэхэм ящыщ зыр, сабий минитхум щІигъу зэкІуалІэр, къызэрыщызэІуахар: «Сэ мыбы зы илъэсрэ ныкъуэрэ хуэдиз ялэкІэ сыщыІащ икІи си нэгу щІэкІащ мы Іуэхущ Іапі э р къызэгъэпэщыным теухуа унафэр хъущтэным папщІэ. Республикэм щколхэр, сабий садхэр щахуэр, гулъытэ хэха хуащІ щІалэгъуалэр Іэщ Іагъэхэм хуегъэджэным. Иужьрей илъэсищым щколхэр къэзыухэм къэрал экзаменхэр икъукІэ тэмэму къыщыІах. Абы и лъэныкъуэкІэ 2013 гъэм зэкІэлъымыкІуагъэ гуэрхэр щыІати, ахэр ягъэзэкІуэжащ. Экзаменхэр къыщыІахкІэ нэфІ-ней халъхьэмэ, хэт псом япэу къагъапІэр? Псом япэу ди щхьэр къэдгъэпщІэжу араш. Ар мыхъун Іуэхущ. Нэхъ пасэу экзаменхэр къеІыхьнымкІэ лэжьыгъэхэр мы гъэм дагъэнэщэу йокІуэкІ».

Егъэджэныгъэм и Іэнатіэм щыкІэлъыплъынымкІэ федеральнэ агентствэм и унафэщІымрэ КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ академиер къызэхакІуэхащ икІи абы нэхъри зегъэужьыныкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм щыгъуазэ защІащ. КІуэкІуэ Ю. А., Кравцов С. С. сымэ урысейпсо лэжьыгъэм хэтхэм зыхуагъэзащ икІи абыхэм еджэныкІэ екъуІэныгъэщІэхэр кьахьыну екъуІэныгъэщІэхэр кьахьыну.

Королёв кьалэм и Іэтащхьэ Ходырев А. Н., Москва областым и школхэм я еджакІуэхэм телевиденэр кьагъэсэбэпри, ди сабийхэм зыкъыхуагъэзащ икІи урысейпсо лэжьыгъэм и лъэныкъуэ Іыхьэр Налшык зэрыщрагъэкІуэкІымкІэ кьеХуэхъуащ. Апхуэдэу видеоканал кьащІыпсэльащ дунеяплъэ цІэрыІуэ Конюхов Фёдор. А зэІущІэр иригъэкІуэкІащ «Россия-24» телеканалым и лэжьакІуэ Плюсов Роман.

КІуэкІуэ Юрийрэ Кравцов Сергейрэ школакІуэхэм я упщІэхэм жуаап ирагащ икІи иужькІэ псори зэгъусэу пщІантІэм дыхьри, мы гъэм фІы дыдэу школхэр къэзыухэм я щІыкъкІэ жьыгкэр хасащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● АПК

ЩІыхуэхэр езэгъырабгъуу хухах

Бахъсэн щІыналъэ администрацэм щызэхэта зэІущІэм щытепсэлъыхьащ мэкъумэш Іэнатіэхэм мы гъэм ягъуэтыну кьэрал дэІэпыкъуныгъэм, льготэкІэ кредит зэрыхухахыну, республикэм мэкъумэш потребкооперацэм зыщегъэужьыным пыщІа Іуэхугъуэхэм. Ар иригъэкІуэкІащ КЪБР-м и япэ вице-премьер - мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Говоров Сергей.

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ министерствэм и Іэщ Іагъэлі эхэр, «Урысейм и Мэкъумэш банк» ОАО-м, районым и мэкъумэш предприятэхэмрэ фермер хозяйствэхэмрэ я лЫкІуэхэр.

Муниципалитетым и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Кьэнэмэт Рустам и пэублэ псальэм кьыхигъэщащ я зэхьхьэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр икІи псальэмакъым жьыджэру хэтыну, я Іуэху еплъыкІэхэр гъэхуауэ ягъэнэІуэну зэхуэсахэр кььхурижджаг.

Говоров Сергей зэІущІэм щызэпкърихащ мэкъумэшыщІэхэм ират кьэрал дэІэпыкъуныгъэм 2017 гъэм щыщыылэм и 1 лъандэрэ игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэр зыхуэдэр. ФинансхэмкІэ, экономикэмрэ АПК-р кьэралым диныгъынымкІэ управленэм и унафэщІ Кулаковэ Ириня кьызэригъэлъэгъуамкІэ, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм иращІылІа Зэгурыуэныгъэм ипкъ иткІэ, кьэрал дэІэпыкъуныгъэу сом мелуани 162-рэ мы гъэм республикэм хухахынущ.

КъэкІыгъэхэр зехьэным, жылапхъэ хэпльыхьахэр къэгъэльэгъуным, гъэшу кьалэжьым хэгъэхъуэным, Іэщ лъэпкъыфІэхэм зегъэужьыным халъхьэну мылЫкур зэрызэхуагъэкІуэну щыкІэр ягъэбелджылащ.

АПК-м и Іэнатіэхэм къэралым зэрызащІигъакІуэ программэхэм, субсидиехэр зэратым теухуауэ хьыбархэр Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министерствэм и сайтым зэхэщІыкІыгъуэу щызэкІэлъыхьащ.

ЗэІущІэм хэтахэм дихьэхыу зыхагъэгъуэзащ проценти 5 фІэкІа зытемыхьэ щІыхуэхэр льготэкІэ зэратыну щыкІэм. «Урысейм и Мэкъумэш банк» ОАО-м и Іэщ Іагъэлім абыхэм яхуиУотащ пІалъэ кІэщІым тещІыхьа инвестицэ кредитхэр 2017 гъэм республикэм и мэкъумэшыщІэхэм льготэкІэ зэратыну хабзэщІэхэр зыхуэдэмрэ абыхэм щхьэхуэныгъэу хэлъхьэмрэ. Псалъэм папщІэ, льготэкІэ кредит къэзыщтэнум налогхэмкІэ, бюджетым хилъхьэн хуей нэгъуэщІ ахъшэхэмкІэ щІыхуэ телъ хъунукъым.

Зэхьхьэм и кІэухым министрым кьыхигъэщащ зэфІэкІ зыбгъэдэлъ мэкъумэш кооперативхэр къызэгъэпэщыным мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

- Фермерхэм кьапэщыт кьалэнхэм ящыщ куэд мэкъумэш кооперацэхэм зэфІахынут. Араш абыхэм зегъэужьын хуейуэ кьыщІэтлъытэр, - къиГъэльэгъуащ Говоров Сергей.

УЛЫМБАЩ Лерэ.

НОБЭ

♦Къалмыкъ Республикэм и Конституцэм и махуэщ

♦Корее Ипщэм щагъэлъапІэ жыгхэр хэсэным и махуэр

♦Къазахъстаным Іэпхъуэщапхъуэ Іуэхухэр зи нэІэ щІэт и полицэм и махуэщ

♦1241 гъэм Невский Александр и дзэм Чудскэ гуэлым и деж нэмыцэдзэр щызэтрикъутащ.

♦1905 гъэм Курп Ищхъэрэ кьуаежэм и мэкъумэшыщІэхэм зыкъаІэтащ.

♦1941 гъэм фашист Германиемрэ Италиемрэ я дзэхэр Югославиемрэ Алыджымрэ ятеуащ.

♦1942 гъэм Гитлер Адольф унафэ ищІащ и дзэхэм я къару нэхъыщхьэхэр Кавказым и щІыдагъэр зыІэрагъэхьэным хуэзащІагъэІуэну.

♦1943 гъэм ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и бюром унафэ кьищтащ Бахъсэн ГЭС-р зэфІэгъэувэжьным теухуауэ.

♦1943 гъэм Налшык дэт дагъэ завод №1-р зэфІагъэувэжащ.

♦1955 гъэм Инджылызым и премьер-министр кулыкъум текІащ Черчилль Уинстон. Ар илъэс 50-м щІигъуКІэ политикэм хэтат.

♦1977 гъэм СССР-м ВАЗ-2121 автомобилыр - «Нива» зыфІащар - къыщІэгъэкІи щыщІадзащ.

♦1992 гъэм Боснием и Герцеговинэмрэ къэралым унафэ кьищтащ Югославием къызэрыхэкІым теухуауэ.

♦1993 гъэм УФ-м и Правительствэм и унафэкІэ къызэрагъэпэщащ «Лукойл» щІыдагъэ компаниер.

♦Австрием щыщ дирижёр щІэрыІуэ **Герберт фон Караян** къызэрагъэхуэрэ илъэси 109-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткъ **Кустинская Наталье** къызэрагъэхуэрэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Бэзэщ Іэныгъэлі, филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **ПІаз Сергей** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Къалмыкъ республикэм и унафэщІу щыта, Дунейпсо шахмат федерацэм и президент **Илюмжинов Кирсан** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦Урысей биатлонист щІэрыІуэ, дунейми Олимп Джэгуэмэн я чемпион **Волков Алексей** и ныбжьыр илъэс 29-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 17, жэщым градуси 5 - 7 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Емыса лэгъупэжь хъуркъым.

☸ Ди къуэш республикэхэм

Мэкъумэшыщ Іэхэм ядэІэпыкъун мурадкІэ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм мэкъумэш потребительскэ кооперативхэр къыщагъэІэрэщІэжынущ. 2017 гъэм щыщхьэрэІуэ и 1-м ирихьэлІэу Адыгейм и муниципальнэ щІыналъэ дэтхэнэми апхуэдэу зы нэхъ мыхъуми щыІэн хуейщ.***

АДЫГЕЙМ экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министерствэм щекІуэкІа зэІущІэм гупльитэ хэха щыхуащІащ мэкъумэш потребкооперацэм республикэм зыщегъэужьыным пыщІа гугъуехьхэм. Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкІэ министр Топоров Олег зэрыжиІамкІэ, 2018 гъэм къэрал дэІэпыкъуныгъэ къаІэрыхьэн папщІэ мы гъэм кооперативхэр Іэмал имыІэу къызэрагъэпэщын хуейщи, абы папщІэ хэкІыпІэрэ Іэмалу щыІэр къагъэсэбэпынущ.

«Алмэсты» фильм

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Домбейрэ Архьызрэ я мэзыльэ щІыпІэ тельыджэхэм щытрах Кавказым уэс цІыху зэрыщыІэм теухуа шыпсэхэмрэ таурыхьхэмрэ зи гъабжь документальнэ, художественнэ Іэмалхэр щызэхуэІуа «Алмэсты» фильмыр.***

- СИ САБИИГЪУЭУ абы сыдихьэхат, сыту жьыпІэмэ уэс цІыху зэрыщыІэм теухуа хьыбар гъэщІегъуэн куэд нэхъыжьхэм кьаІуатэу зэхэсхати. Фильмым и документальнэ Іыхьэм ехьэлІауэ Кавказ Ищхъэрэм и республикэ зыбжанэм дыщыІащ, кьэхутакІуэхэмрэ щІэныгъэлІхэмрэ дахуэзащ, алмэсты зэрыщыІэм щыхьэт техъуэхэр кьигъуэтын папщІэ щІэхьщІэхьыурэ Кавказыбгхэм къэхутэныгъэхэр щезыгъэкІуэкІ, Германием щыщ Бейер Мартин и интервью ттхыныи дыхунэсащ, - жеІэ «Алмэсты» фильмыр зыщІхэм ящыщ Чэнджэщауэ Артур.

Фильмым и художественнэ Іыхьэм дыхешэ Кавказым XIX лІэщІыгъуэм кьыщыхъуа хуэдэу кьагупсысам. Іыхьэжь нэхъыщхьэр бгырыс щІалэщІэщ, абы и сабийр алмастым бгым ехь, адэр быным и лъыхъуакІуэ йожь.

Фильмыр техыныр и кІэм нагъэсауэ жьипІэ хъунущ. Ар мы гъэм и накъыгъэ маззм ягъэльэгъуэнущ «Архьыз 24» телеканалымкІэ.

Дзэм къулыкъу щызыщІэхэм папщІэ

АБХЪАЗ. ***Урысей дзэкъулыкъущІэхэу Абхъазым щыІэ базэм кьалэныр щезыхьэкІэхэм папщІэ республикэм кьалэ цІыкІу щауэхуэ.***

ИПЩЭ дзэ округым и пресс-Іуэхущ Іапі эм щыгъуазэ дыззрищІамкІэ, дзэм хэтхэм хуауэу кьатитІу зэтет унэ 19, фэтэр 300 хъуэу. А «хьэблэр» тенджызэ фЫщІэм зы километркІэ пэІущІэу араш.

Фэтэрхэр кьулыкъу зыщІэхэм зэІэпахыынущи, ахэр зыхуей псомкІи кьызэгъэпэщыныр кьэралым и пщэм делъхьэж. Кьыхэдгъэщынщи, дзэ базэм щаухуэ абы кьулыкъур щезыхьэкІэм я сабийхэм папщІэ сабий садрэ школрэ. Унэхэр мы гъэм и кІэм ятыну я мурадщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Зи макъ гуакIуэр нобэми тщымыгъупщэ

2000 гъэ

***Радиожурналист, РСФСР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, телевиденэмрэ радиомрэ я отличник, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэта АфIэунэ Рае ТIулэ и пхъур 1932 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м Бахъсэн куейм хыхьэ Куба къуажэм къыщалъхуащ. Рае журналист IэщIагъэм зэрыхуеджамкIи, адыгэбзэми урысыбзэми зэхуэдэу зэрырилэжьэфымкIи куэдым я дежкIэ щапхъэт. Абы игъэхьэзыру щыта «Iэдиихуу», «Жьэгу пащхьэ», «ФIыщIэ жыг», «Продолжение биографии» нэтынхэм зэрыщIынагъэу гъэпсыкIэрт, апхуэдизкIэ фIыуэ ялъагъурт. Рае макъкIэ къащIыхужу щытащ. Абы и псэлъэкIэ дахэм, гъэхуам, щабэм радиом едаIуэхэр хъущыкъ хуэхъуат. ИужьыIуэкIэ, адыгэ щыпсэу хамэ къэралхэм нэтынхэр ялъэIэс щыхъуам, хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ лъэмыж яхуэхъуат Рае и макъыр.*

АфIэунэ Рае и цIэр адыгэм и тхыдэм къыхэнащ, цIыхухэм я гум фIыкIэ къинащ, абы и макъ щабэм и IукIэр нобэ къэс зи тхьэкIумэ ит къытхэтэ. Журналист пажэр псэужатэмэ, и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирикъунут.

Мы тхыгъэмкIэ фIыщыдгъэгъуэзэну дыхуейт а цIыху гъэщIэгъуэным, бзыльхугъэ дахэм, адыгэ журналистикэм и лэжьакIуэ пажэм и гъащIэр тельыджэу къыззрекIуэкIам, лъагъуныгъэмрэ гугъэмрэ и Iэщэ нэхъыщхьэу гъащIэм зрихуэлIа гугъуехьхэм зэрапэщIэтам, унагъуэ екIум и щапхъэу зэрыпсэуам.

Зы дуней, зы гъащIэ

НАЛШЫК къалэ 1946 гъэм школ-интернат къыщыззIуахащ. МахуищкIэ екIуэкIа экзаменхэм пхыкIар цIыхуи 150-т. Адрей 450-м я хьэпшып тIэкIур зэщIакъуэжри, щхьэж и къуажэкIэ инэтIыжащ. Жэгунэ щIэгъэкIа яшхрэ щыгъыранэпс трафрыхьыжу школ-интернатым щеджахэм ящIыщIу зи гугъу фхэпщIынухэр.

Нэхъыжьхэм фIы дыдэу ящIэж Налшык радиом и лэжьакIуэ пажэу, редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа АфIэунэ Рае и макъ гуапэр. Письмохэр къэпкIэ къыхуэкIуэу, телефон уэзджьнэр мыуфыIэу лажьэрт ар.

... КъБКъУ-м тхыдэмкIэ и къудамэм илъэс куэдкIэ егъэджакIуэу щыIэжьа, профессор ТекIуий Анатолэ студент минхэр къыщIигъэкIащ, куэдми ущиякIуэ яхуэхъуащ. А лIым гукъыдэжу, жэрдэму, гъэсэныгъэу хэлъар, щIэныгъэу бгъэдэлъар къыпхуэмыпытэну инщ.

ЩIалэу зэшхуэ, фIыуэ тхьэмахуэ бжьыгъэкIэ Толэрэ Раерэ я цIэкIэр зэхэгъэщхьэхуакIуэ къыпIупIэну къыпхуегъэзэгъырыкъым. Я псэр зы чысэм илъщ, жыхуаIэм хуэдэу зэдэпсэуащ а тIур, зы дуней зэдауэхэри.

Рае

ГъАБЛЭР дунейм щытепщэрт иджыри 1946 гъэм. Къалэм и закъуэтэкъым шхын здэщымыIэр, къуажэхэр зыкIи нэхъ щIагъуэтэкъым. Рае щIэхуат школ-интернатым, ауэ жэщкIэ щхьэнтэм хэлубаэу гъырт. Ари щхьэнтэ щабэмэ, уи насыптэкъэ?! Хьэуазэ икуауэ арат. Яяныкъуэхэм щахуэмышIэжьыхьэкIэ, я щыгъынхэр зэщIакъуэжыгъ, щIэныгъуэжыт. Адэ-анэр тхьэмахуэ бжьыгъэкIэ умылъэгъуу, я Iэ щабэ къыпIымыIэсу, уи гугъуехьэр псалъэкIэ пщIэощыщыхьи щымыIэу, тынштэкъым. ЩыIэт мазэм зэ зи анэ къызыкIэлъыкIуи, ерыскъы тIэкIу къызыхуахьи. Махуэ гуэрым Рае и ныбжьэгъу пащащэ цIыкIу щIигъуу шхапIэм кIуэрт, мащIэу къыкIэрыхуауэ. Япэмыжьжьэу жыг лъабжьэм щIалэ цIыкIуитI щIэст лэкъумрэ хкъуэрпэ яшхыу. А тIум я зым и анэр щIэупщIакIуэ къэкIуауэ арат.

- ПщIыхурэ мохэр? - жиIащ Рае и гъусэм.

Рае и щхьэр игъэсысащ, сащоукIытэ. Къэшэ, кIуэи я талонхэр къеIых, шхапIэм кIуэну къыщIэкIынкъым а тIур, - жеIэ ныбжьэгъу пащащэм.

Рае плъыжь къэхъуат, ауэ «хьуэз» хужьIакъым, пщащэр илъэскIэ езым нэхърэ нэхъыжьти. ЩIалэ цIыкIуэмэ зы псалъэ къыфIамыгъэкIыу я талонхэр Рае къратащ. Рае ишхыр и тэмакъым емыхыу къыщыхъурт, и гур къызэфIэнат. ХуэмышIэу, и щхьэр Iэнэм трильхьэри, гущI. Апхуэдэ укIытэгъуэ япэ дыдэ къыхуихуауэ арат...

Зауэр зэрекIуэкIа илъэсиплIым яджыну зыхунэмысар зэуэ къащтэжьафын нэхъей, гъэ еджэгъуэр щыщхьэуIу мазэм ирагъэжьащ. НыбжьыщIэхэр едгъэжьащ АмуэдизкIэ дихьэхати, нэхущщи щIадзэрти, жащ хуэху тхьапIэр ягъэтIылъыртэкъым. Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр зэщхьырыкъабзэу екIуэкIырт: 9-нэ «А» классым щIэс Ермеев Виктор щэнтым тесу пшынэ еуэрт, уэрэд жиIэрт, мыдрейхэр къафэрт. Нэхъыбэу къафэр къалэдзэсэрат, къуажэм къикIаIэр евэзкIауэ блыным кIэрытт. Къафэ нэужьым «пощт» джэгурт. Мис абдеж псори «къызэщIэуэшэрт». ЩхьэжиIу ирихьым письмо хуитхыри, ар зыхуэгъэзам ираты жырт. «Пощтэхьэр» Рае талонхьэ зыгъэкIуа пащащэрат. Хьыджэбзым пыIэ щIыкIу Iэщ Iэлъу Рае и пащхьэ къыиуваш: «Мыр ууейщ, хэт къыпхуитхами сощIэ!» - жиIэри IукIыжащ, тхыгъэ кIапэр Рае къыIэщIилъхьэри... Тхыгъэр къызыбгъэдэкIыр хэтми имыщIэми, абы кьеджа нэужь Рае Iэпэлъапэсыс хуат:

«Уузыншэм, Рае! Уэрэ сэрэ дыщызэблэкIкIэ, сэлам зэтхыркъым, ауэ дяпэкIэ зэтхынщ. Сэ хуабжьу сигу урохь: уи плъэкIэ дахэри, уи нэ пIащэхэри, уи гуфIэкIэри. Уи Т.».

АфIэкIа хэмыльу Рае къызэщIэнэри, пэшым къыщIэкIыжащ. «Пощтэхьэ» пащащэр пщыхьэщхьэм къыбгъэдыхьэщ Раи: «ПщIэжрэ, талон къызэIытха щIалэ цIыкIур? ТекIуийхэ ящIыщщ, Толэщ и цIэр, си классэгъэщ. Мис аращ письмор къыпхуэзытхар», - жиIащ. Рае щхьэнтэм зыхиIубащ. УкIытат икIи... гуфIат.

Мис абдеж къыщIежьащ лъагъуныгъэшхэр. Абы щыгъуэ Рае илъэс 15 хьууэ арат, Толэ 17-м итт.

Толэ еджапIэр, щытхъушхуэ иIэу къиухри, Москва къэрал университетым тхыдэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ. Толэ нэхърэ мынэхъыкIэу еджэ Раи мыгувэу кIуащ бзэхэмкIэ факультетым и къуэкIыпIэ къудамэм щIэтIысхьэну. Абы адыгэбзэми щыхуагъэджэрт. Апхуэдэу къэхъуат хуейтэкъэ - Рае и тхыльыр университетым щригъэхьым ирихьэлIэу Сталиным я къудамэр зэхуригъэщIыжри, шыщхьэуIум и 16-м къэсыжу пащащэм и тхыльхэр хърагъэхьыжащ. А еджапIэ нэхъыщхьэм ущIэтIысхьэн папщIэ, тхыльхэр шыщхьэуIум и 15 хьуху птын хуейт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Рае зыщIыпIи щIэтIысхьэжьфынутэкъым, псоми къыкIэрыхуат.

Абы и пэ къихуэу адыгэ щIалэ цIыкIуиплI щIэтIысхьат къуэкIыпIэ къудамэми, зы илъэс фIакIа емыджвауэ, мыпхуэдэу къыжраIащ: фыхуеймэ, Ленинград университетым фыдгъэкIэнщ е Москва университетым и сыт хуэдэ факультетми фыщIэдгъэтIысхьэжынщ. Арати, щIалэхэр МКъУ-м и юридическэ къудамэм щIэтIысхьэжащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, Рае утыку кьинат. ЗызэщIекъуэри йожьэ, и тхыльхэр МКъУ-м философиемкIэ и къудамэм иритыну. ЗдэкIуам, къыледжахэм ящыщу цIыхуи 9-м ирохьэлIэ. Абыхэм экзамен ятат, псоми оценкэфI дыдэхэр къахьат, ауэ зыщIыпIи щIэхуатэкъым. ТхьэмыщкIэхэм я щыгъын тIэкIур зэхуахьэсыжауэ щыст, къежьэжьи мурад яIэу.

Рае Москва щыкIуэм мафIэгум нэIуасэ къыщыхъуэхуат Молдавием и полномочнэ лIыкIуэу Москва щыIэр. Абы Налшык и санаторэхэм я щIыщ зым зыщигъэпсэхуэу кIуэжу арат. «Дэнэ уежьа, си хьыджэбз цIыкIу?» - къеупщIат ар. Рае и Iэху зыIутыр жриIащ лIым. «Дауи, гугъу уехьнущ, ауэ Iэхуэр Iэмалыншэ дыдэ хъумэ, къэпсалъэ», - жиIэри, и телефоныр кьуратат Шатров зи унэцIэ и цIыхугъэщIэм.

Адыгэ щIалэгъуалэм я Iэху зыри щымыхъум, щIэмытIысхьэфахэм я щIэ-унэцIэхэр кьуритхыри, Шатровым деж кIуащ зэрыгупу. Рае и закъуэ къыдэIэпыкъуну, щIигъэтIысхьэну хьэзырт, ауэ и ныбжьэгъуэхр утыку къринэн щимыщIэ, псоми къащхьэкIри хуей хъуащ. Псори зэхуэмыдэурэ, езы Шатровыр я пашэу министерствэм кIуащ Рае сымэ. Абы ныбжьыщIэхэм я Iэхэр зыIутыр яхуиIуэтащ.

Гъэ еджэгъуэм щIидзат. А зэманым ирихьэлIэу министрыр къэтти, абы и къалэнхэр зыгъэзащIэ Самалин МКъУ-м и ректорым дež письмо итхащ гупым я Iэху къызэрекIуэкIар хуиIуатэу, еджапIэм къащтэну елъэIуу.

Абы итха письмор Рае иIыгъыу МКъУ-м и приемнэ комиссэм екIуэлIащ, химик цIэрыIуэ Хомченкэ зыхуигъэзэну. Абы дежи мызэ-мытIэу пщащэр кIуати, къицIыхурт. «Аргуэру укъэкIуауэ ара?» - жиIэри, къыщIэкIият абы щыгъуэ. Министерствэм къызэдгъэхуа письмом иригъэджа нэужьи «хьуэз»-м къызэрытенар къригъащIэу, хэкъуэуэ Рае къыжриIащ: «Сэ учафэ къысхуащIакъым фыкъэсщтэну, Iуэхур зытетым сыщагъэгъуаззу араща, университетым фыкъыщIэгъэтIысхьэфынукъым», - жеIэ. Рае и гъусэхэр щIыбым къыщежьэрти: «ЛIо, сыт къыбжиIар?» - упщIэмкIэ къыпежащ. Сытыт ищIэнур?! Самалиным деж егъэзэж...

ЗдэкIуам, министрыр къэсыжауэ ирихьэлIэри, Самалиным Раер абы хуигъэзащ. Я Iуэхур зыIутыр щыхуиIуатэм: «СщIэркъым, феджэфыну пIэрэ? Адрейхэм фаукъыкIэрыхуну, фхуэзэфIэмыкIыну къысщохъу», - щыжиIэм, Рае ар идакъым. «Дэ фIыуэ деджэнущ, тхуэзэфIэкI къэдмыгъанэу делIэлIэнущ», - жиIэри. «Адрейхэр сщIэркъым, ауэ уэ зыгуэр кьыпхэкIынщ», - къыжриIат абы министрым. Асыхьэтым унафэ ирагъэтхри, гуп цIыкIур МКъУ-м щIагъэтIысхьауэ щытащ.

Пэж дыдэу, еджэныр къехьэлъэкIат абыхэм. Къыдэжь школ цIыкIуэм сыт хуэдэ щIэныгъэт къуатыфынур зауэ нэужь зэманым?! Библиотекэ тэмэми тхылъ щIагъуи ямыIэу... Сыт хуэдэ псэукIэт ахэр зыхэкIар къалэшхуэм щыкIуам! Ар ахуэзэжмыгъэхэу куэдрэ гугъу ехьащ. Абы и щIэныгъэ щIэныгъэ зыкъыгъэсыжащ. А зэманым къриубыдэу Рае хьэлъэу зэрысымэджар къэпльытэмэ, хуабжьу гугъу сехьат. Аспирантурэр къыщIэзухам, си тхыгъэр къысхуагъэдэхащ икIи пхызгъэкIи фIэкIа къэмынэу Къэбэрдейм дыкъэкIуожащ. Уафэгъуэгъуэу къысщыхъуащ КПСС-м и ЦК-м къыдигъэкIа унафэр. Абы си Iэхуэхэр псори къызэIищащ: МТС-р ягъэкIуэдыжыну Хрущёвым унафэ ищIат, си си Iэщ Iагъэр арат зыгъэуеуари, сызэрылэжьа илъэсхэр пщIэнщэу кIуауэ къыщIидзыжащ».

Абы щыгъуэ ди республикэм зы еджапIэ нэхъыщхьэт щыIэр - пединститутыр. Толэ абы зы зэманкIэ щылэжьэну и кIэн къикIащ: 1957 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м СССР-м и Министрхэм я Советым и зэIущIэм унафэ къыщащтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым университет къыщызэIуахыну. Абы и ректор Бэрбэч ХьэтIутIэ и япэ унафэм итащ КъБКъУ-м КПСС-мкIэ и кафедрэм Толэ егъэджакIуэ нэхъыщхьэу ягъэувыну.

«Затишье» хьэблэм щыIэ унэхэм ящыщ зым хэт фэтэрым и пэшищым щыщу зыр зэщхьэгъуэсэжи къалъысат. Адрей тIум нэгъуэщI щIэныгъэлIхэр щIэст. Пашым щащгъуэвэн щэнти тегъуэвапIи яIэтэкъым. ЯIэр зы гъущI гъуэлъэпIэрэ зы Iэнэрэт. Мылъкуу Москва дэсхуэ зэхуахьэсар я тхылъхэрати, аэрри мыIэрысэ зралъхъэ ашыкэм илъу щытт.

ГъащIэм и фIыгъуэм гупэкIэ закъыхуигъэзэжа хуэдэт Раерэ Толэрэ. Абы и нэщэнэу Рае къыщIащ анэ зэрыхъунур.

ХуэмышIауэ псэуми, абы я гур фIы ищIырт. Гугъуехьым есат, я щIалэгъуэрти, я гур фIым хуэпабгъэрт.

Толэ иджы и кандидат диссертацэр нэгъэщIым триухуэжат - Къэбэрдей-Балъкъэрым и парт зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэрат. Абы и пэкIэ бгырыс лъэпкъхэм я гугъу пщIыуэ къэралым идэхэрти. А IэхуэмкIэ зыми зыри итхатэкъым Толэ и пэкIэ. Жьы хуримыкъу жьыхуаIэм хуэдэу, лажьэрт хуит хуэ тхыдэджьи. 1960 гъэм монографие къыдегъэкI, мыгувэри Балъкъэрым колхоз ухуэныгъэхэр зэрекIуэжьым теухуауэ «ГъащIэщIэм и лъагъуэ» етIуанэ монографиери дунейм кьытехьащ. А Iэхуэгъуэхэм ятеухуауэ тхыгъэхэр къыдэкIа нэужь, Толэ и диссертацэр Москва СССР-м щIэныгъэхэмкIэ и Академием щыпхеГъэкI, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат мэхъу.

Лэжьыгъэр, щIэныгъэр, цIэр...

ГъАЩIЭР зэрыщыт дыдэм хуэдэу Толэ и тхыгъэхэм, лэжьыгъэхэм къыхэщыкырт. ПщIы лъэпкъ хэтхъэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. А пэжыр къэралым и тхыдэм хэмытмэ, ар тхыдэ зъужрэ ситми?! Пэжыр къыхуамыдзу куэдрэ гугъу ирагъэхьащ Толэ, ауэ абы щхьэкIэ зэи къикIуэтакъым. Толэ и Iэщ Iагъэр апхуэдизкIэ фIыуэ ильагъурт, тхылъымрэ еджэныгъэ и псэм щыщIэт, дунейм и сыт хуэдэ щIыпIэм уи Iэр пшийрэ, мыбдеж зэт щыпсэуар жыпIэу уеупщIатэмэ, абы и политикэм, тхыдэм, щэнхабзэм, Iуэрыуатэм теухуауэ псори къыбжиIэфынут.

Езы Рае и цIэр япэу къыщыIуар 1960 гъэращ, Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм и студием. Рае сабийхэм папщIэ игъэхьэзыра нэтыным «Уи къалэр пщIыхуэ?» жиIэу фIищат. Нэтыным щытхъушхуэ иIат, ауэ АфIэунэм и пащхьэ зыхэлъыр радиорауэ къыщIэкIащ.

1970 гъэкэм Рае иригъэкIуэкIащ «Iэдиихуу» нэтыныр. Ар сытым хуэдэу щIыхум яфIэфIт, щIэупщIэ иIэт. Абы къыщIэтырт лъэпкъ Iуэхуэр, хабзэхэр, адыгэм я фенитыкIэр. Совет зэманым ахэр утыку къыпхэзи, утепсэлъыхьыж жьыхуэпIэр къызэрыгуэкI Iуэхуэтэкъым.

Абы щыгъуэ Рае редакциIым – урысымрэ адыгэмрэ - я редактор нэхъыщхьэт, къырихьэжьа псори хуэздэкъыртэкъыми, корреспондент Журт Биберд хуабжьу дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуащ.

Рае апхуэдизкIэ лэжьыгъэм дихьэхати, радиокIэ, тхыгъэкIэ зэпсалъэ щIыхуэхэм я нэм щIэпльэну, нэхъ гъунэгъуу ахэр зригъэщIыхуну щIэхуэпсыр. Абы къыхэкIыу, опередиэ ящыну траухуащ.

Иджырей операцэхэм хуэдэт ар, сытми?! Хирургым скальпель фIэкIа нэгъуэщI зы Iэмэпсымэ иIэтэкъым, нарко къуатыхэртэкъым, яуIэну щIыпIэр мащIэу ягъэунэдэращхьэурти, абыкIэ зэфIагъэкIырт. Хэт сыт жиIэми зэхихыу, кърата хущхьэри емызэгъауэ операцэ ящIащ Рае...

МазиллI дэкIри, сымаджэщым къыщIатхыкIыжащ. Рае операцэ зэращIар и благъэжьи къыщащIар зыгъэпсэжгъуэ маззэкр къэсу, унэм къыщыкIуэжаращ. Москва нэс кIуэфынутэкъым, кIуэми, зыкIи сэбэп хуэфынутэкъым, арат зыми зыри щыIэжрамыIар.

Ажалыр щикIуэтыжым деж

ТОЛЭ апхуэдизкIэ Рае тегужьеикIати, хуимыщIэн дунейм теттэкъым. Пщэдджьыжь къэс хьывшэ хуабэ къыхуихьырт, иджыри тIэкIу жей, зыгъэпсэху жриIэри, щIэкIыжырт. ПщыхьэщхьэкIэ, дыгъэр ехьу нэхъ щIыIэтыIэ хъуа нэужь, бгыщхэ щIыкIыр ипхъэ, хьыбар гъэщIэгъэунэхмкIэ тригъэнэрт.

Илъэс 40 дэкIа нэужь, Толэ мыпхуэдэу итхьэнынущ: «Си диссертацэм ильэситIрэ ныкъуэкIэ селэжьащ. А зэманым къриубыдэу Рае хьэлъэу зэрысымэджар къэпльытэмэ, хуабжьу гугъу сехьат. Аспирантурэр къыщызухам, си тхыгъэр къысхуагъэдэхащ икIи пхызгъэкIи фIэкIа къэмынэу Къэбэрдейм дыкъэкIуожащ. Уафэгъуэгъуэу къысщыхъуащ КПСС-м и ЦК-м къыдигъэкIа унафэр. Абы си Iэхуэхэр псори къызэIищащ: МТС-р ягъэкIуэдыжыну Хрущёвым унафэ ищIат, си си IэщIагъэр арат зыгъэуеуари, сызэрылэжьа илъэсхэр пщIэнщэу кIуауэ къыщIидзыжащ».

Абы щыгъуэ ди республикэм зы еджапIэ нэхъыщхьэт щыIэр - пединститутыр. Толэ абы зы зэманкIэ щылэжьэну и кIэн къикIащ: 1957 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м СССР-м и Министрхэм я Советым и зэIущIэм унафэ къыщащтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым университет къыщызэIуахыну. Абы и ректор Бэрбэч ХьэтIутIэ и япэ унафэм итащ КъБКъУ-м КПСС-мкIэ и кафедрэм Толэ егъэджакIуэ нэхъыщхьэу ягъэувыну.

«Затишье» хьэблэм щыIэ унэхэм ящыщ зым хэт фэтэрым и пэшищым щыщу зыр зэщхьэгъуэсэжи къалъысат. Адрей тIум нэгъуэщI щIэныгъэлIхэр щIэст. Пашым щащгъуэвэн щэнти тегъуэвапIи яIэтэкъым. ЯIэр зы гъущI гъуэлъэпIэрэ зы Iэнэрэт. Мылъкуу Москва дэсхуэ зэхуахьэсар я тхылъхэрати, аэрри мыIэрысэ зралъхъэ ашыкэм илъу щытт.

ГъащIэм и фIыгъуэм гупэкIэ закъыхуигъэзэжа хуэдэт Раерэ Толэрэ. Абы и нэщэнэу Рае къыщIащ анэ зэрыхъунур.

ХуэмышIауэ псэуми, абы я гур фIы ищIырт. Гугъуехьым есат, я щIалэгъуэрти, я гур фIым хуэпабгъэрт.

Толэ иджы и кандидат диссертацэр нэгъэщIым триухуэжат - Къэбэрдей-Балъкъэрым и парт зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэрат. Абы и пэкIэ бгырыс лъэпкъхэм я гугъу пщIыуэ къэралым идэхэрти. А IэхуэмкIэ зыми зыри итхатэкъым Толэ и пэкIэ. Жьы хуримыкъу жьыхуаIэм хуэдэу, лажьэрт хуит хуэ тхыдэджьи. 1960 гъэм монографие къыдегъэкI, мыгувэри Балъкъэрым колхоз ухуэныгъэхэр зэрекIуэжьым теухуауэ «ГъащIэщIэм и лъагъуэ» етIуанэ монографиери дунейм кьытехьащ. А Iэхуэгъуэхэм ятеухуауэ тхыгъэхэр къыдэкIа нэужь, Толэ и диссертацэр Москва СССР-м щIэныгъэхэмкIэ и Академием щыпхеГъэкI, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат мэхъу.

Лэжьыгъэр, щIэныгъэр, цIэр...

ГъАЩIЭР зэрыщыт дыдэм хуэдэу Толэ и тхыгъэхэм, лэжьыгъэхэм къыхэщыкырт. ПщIы лъэпкъ хэтхъэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. А пэжыр къэралым и тхыдэм хэмытмэ, ар тхыдэ зъужрэ ситми?! Пэжыр къыхуамыдзу куэдрэ гугъу ирагъэхьащ Толэ, ауэ абы щхьэкIэ зэи къикIуэтакъым. Толэ и Iэщ Iагъэр апхуэдизкIэ фIыуэ ильагъурт, тхылъымрэ еджэныгъэ и псэм щыщIэт, дунейм и сыт хуэдэ щIыпIэм уи Iэр пшийрэ, мыбдеж зэт щыпсэуар жыпIэу уеупщIатэмэ, абы и политикэм, тхыдэм, щэнхабзэм, Iуэрыуатэм теухуауэ псори къыбжиIэфынут.

Езы Рае и цIэр япэу къыщыIуар 1960 гъэращ, Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм и студием. Рае сабийхэм папщIэ игъэхьэзыра нэтыным «Уи къалэр пщIыхуэ?» жиIэу фIищат. Нэтыным щытхъушхуэ иIат, ауэ АфIэунэм и пащхьэ зыхэлъыр радиорауэ къыщIэкIащ.

1970 гъэкэм Рае иригъэкIуэкIащ «Iэдиихуу» нэтыныр. Ар сытым хуэдэу щIыхум яфIэфIт, щIэупщIэ иIэт. Абы къыщIэтырт лъэпкъ Iуэхуэр, хабзэхэр, адыгэм я фенитыкIэр. Совет зэманым ахэр утыку къыпхэзи, утепсэлъыхьыж жьыхуэпIэр къызэрыгуэкI Iуэхуэтэкъым.

Абы щыгъуэ Рае редакциIым – урысымрэ адыгэмрэ - я редактор нэхъыщхьэт, къырихьэжьа псори хуэздэхьыртэкъыми, корреспондент Журт Биберд хуабжьу дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуащ.

Рае апхуэдизкIэ лэжьыгъэм дихьэхати, радиокIэ, тхыгъэкIэ зэпсалъэ щIыхуэхэм я нэм щIэпльэну, нэхъ гъунэгъуу ахэр зригъэщIыхуну щIэхуэпсыр. Абы къыхэкIыу, опередиэ ящыну траухуащ.

Иджырей операцэхэм хуэдэт ар, сытми?! Хирургым скальпель фIэкIа нэгъуэщI зы Iэмэпсымэ иIэтэкъым, наркоз къуатыхэртэкъым, яуIэну щIыпIэр мащIэу ягъэунэдэращхьэурти, абыкIэ зэфIагъэкIырт. Хэт сыт жиIэми зэхихыу, кърата хущхьэри емызэгъауэ операцэ ящIащ Рае...

Мазиллі дэкIри, сымаджэщым къыщIатхыкIыжащ. Рае операцэ зэращIар и благъэжьи къыщащIар зыгъэпсэжгъуэ маззэкр къэсу, унэм къыщыкIуэжаращ. Москва нэс кIуэфынутэкъым, кIуэми, зыкIи сэбэп хуэфынутэкъым, арат зыми зыри щыIэжрамыIар.

Ажалыр щикIуэтыжым деж

ТОЛЭ апхуэдизкIэ Рае тегужьеикIати, хуимыщIэн дунейм теттэкъым. Пщэдджьыжь къэс хьывшэ хуабэ къыхуихьырт, иджыри тIэкIу жей, зыгъэпсэху жриIэри, щIэкIыжырт. ПщыхьэщхьэкIэ, дыгъэр ехьу нэхъ щIыIэтыIэ хъуа нэужь, бгыщхэ щIыкIыр ипхъэ, хьыбар гъэщIэгъэунэхмкIэ тригъэнэрт.

Илъэс 40 дэкIа нэужь, Толэ мыпхуэдэу итхьэнынущ: «Си диссертацэм ильэситIрэ ныкъуэкIэ селэжьащ. А зэманым къриубыдэу Рае хьэлъэу зэрысымэджар къэпльытэмэ, хуабжьу гугъу сехьат. Аспирантурэр къыщызухам, си тхыгъэр къысхуагъэдэхащ икIи пхызгъэкIи фIэкIа къэмынэу Къэбэрдейм дыкъэкIуожащ. Уафэгъуэгъуэу къысщыхъуащ КПСС-м и ЦК-м къыдигъэкIа унафэр. Абы си Iэхуэхэр псори къызэIищащ: МТС-р ягъэкIуэдыжыну Хрущёвым унафэ ищIат, си си Iэщ Iагъэр арат зыгъэуеуари, сызэрылэжьа илъэсхэр пщIэнщэу кIуауэ къыщIидзыжащ».

Абы щыгъуэ ди республикэм зы еджапIэ нэхъыщхьэт щыIэр - пединститутыр. Толэ абы зы зэманкIэ щылэжьэну и кIэн къикIащ: 1957 гъэм мэлыжьыхьым и 5-м СССР-м и Министрхэм я Советым и зэIущIэм унафэ къыщащтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым университет къыщызэIуахыну. Абы и ректор Бэрбэч ХьэтIутIэ и япэ унафэм итащ КъБКъУ-м КПСС-мкIэ и кафедрэм Толэ егъэджакIуэ нэхъыщхьэу ягъэувыну.

«Затишье» хьэблэм щыIэ унэхэм ящыщ зым хэт фэтэрым и пэшищым щыщу зыр зэщхьэгъуэсэжи къалъысат. Адрей тIум нэгъуэщI щIэныгъэлIхэр щIэст. Пашым щащгъуэвэн щэнти тегъуэвапIи яIэтэкъым. ЯIэр зы гъущI гъуэлъэпIэрэ зы Iэнэрэт. Мылъкуу Москва дэсхуэ зэхуахьэсар я тхылъхэрати, аэрри мыIэрысэ зралъхъэ ашыкэм илъу щытт.

ГъащIэм и фIыгъуэм гупэкIэ закъыхуигъэзэжа хуэдэт Раерэ Толэрэ. Абы и нэщэнэу Рае къыщIащ анэ зэрыхъунур.

ХуэмышIауэ псэуми, абы я гур фIы ищIырт. Гугъуехьым есат, я щIалэгъуэрти, я гур фIым хуэпабгъэрт.

Толэ иджы и кандидат диссертацэр нэгъэщIым триухуэжат - Къэбэрдей-Балъкъэрым и парт зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэрат. Абы и пэкIэ бгырыс лъэпкъхэм я гугъу пщIыуэ къэралым идэхэрти. А IэхуэмкIэ зыми зыри итхатэкъым Толэ и пэкIэ. Жьы хуримыкъу жьыхуаIэм хуэдэу, лажьэрт хуит хуэ тхыдэджьи. 1960 гъэм монографие къыдегъэкI, мыгувэри Балъкъэрым колхоз ухуэныгъэхэр зэрекIуэжьым теухуауэ «ГъащIэщIэм и лъагъуэ» етIуанэ монографиери дунейм кьытехьащ. А Iэхуэгъуэхэм ятеухуауэ тхыгъэхэр къыдэкIа нэужь, Толэ и диссертацэр Москва СССР-м щIэныгъэхэмкIэ и Академием щыпхеГъэкI, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат мэхъу.

«Ди бынхэр - ди гъащIэщ, ди ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэщ»

ТОЛЭРЭ Раерэ бынитI эздагъуэтащ: Мадинэрэ Маринэрэ. А тIуми адэ-анэкIэ гуэныхэ ятелъу къыщIэкIынкъым, апхуэдизкIэ Толэрэ Раерэ я гум дыхьэрти. Абыхэм я щхьэгъуэсэжри унагъуэм щыщым хуэдэу, къуэ папщIэу кьекIуэкIащ.

Рае хуэдэуи, хьыджэбзхэм я щхьэгъуэсэжм я унэцIэр къащтакъым: «Ди адэм къуэ иIэкъыми, абы и унэцIэр зетхьэнущ» жаIэри.

Мадинэ и адэм ещхьыркъабзэщ теплъэкIи хьэлкIи. Уеблэмэ и адэм и лъэужьым теуваш: тхыдэмкIэ факультетым щIэтIысхьащ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор хъуащ. Маринэ медицинэращ къыхихар. Я пхъурылъху нэхъыжь Алим дохутырщ, неврологущ, Маринэ (Мадинэ и пхъур) журналистщ, Бэлэ (Маринэ и пхъур) дэз дохутырщ, Инал географщ, Тамарэ тхыдэджщ.

Зэман гугъум халъхуат Рае, куэд илъэгъуащ, куэди ишэчащ. Ауэ, сыт хъэмыхъуами, гуфIэякъым, зэщхьэгъусэхэр зэхъуэтащ, фIыуэ зэрылъагъурти...

И шыпхъу Тамарэ щIыгъуу.

Рае и унагъуэр: ипхъэху Маринэрэ Мадинэрэ, и щхьэгъусэ ТекIуий Анатолэ.

Рае республикэм и тхакIуэхэм, усакIуэхэм яхэсу.

бзылъхугъэ щыпкъэ АфIэунэ Рае 85

● Пхъум и псалъэ

Псори къыхуэныкъуэт, дзыхь къыхуащIырт

ЦIыхухэм я гукъеуэр зыхэзыщIэ, дэтхэнэми дэIэпыкъуну хущIэкъу, щIэныгъэм, литературэм, классикэм хэзыщIыкI журналист Iэзэр сыт хуэдэ анэу щытауэ пIэрэ? Абы теухауэ къыдогъэпсалъэ Толэрэ Раерэ апхъу нэхъыжь, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и лэжьакIуэ ТекIуий Мадинэ.

- Рае сыт хуэдэ анэу щыта, Мадинэ?

- Куэдым къащыхъунущ ди анэм и лэжьыгъэм къыздэхуэу гулъытэ къытхуимыщIафауэ. Ауэ ар пэжкъым. Мамэ сыт хуэдэ лэжьыгъэ пэрымыувами, ар нигъэсыныр, цIыхум псалъэ иритамэ, и псалъэр иIыгъыжыныр, уеблэмэ тхылъ еджэн иригъэжьамэ, ар ниджысыныр и къалэн нэхъыщхьэу къэслъытэрт. Абы къыдэкIуэуи, мамэ анэу щытыным и закъэу къыхуигъэщIауэ къэслъытэрт, апхуэдизкIэ дызыхуей дыхуигъэзэну, дигъэсэну хущIэкъурти! Журналистикэми зэрыщызэчиифIэм хуэдэу, анэ зэчиифIэт. Си шыпхъу Маринэ сэрэ дызэщхькъым, араща, дызэрызэтемыхуэ ди хьэлхэм гу лъыдигъэтэжу, дэтхэнэри нэхъ зыхуэIэижь лэжьыгъэм, щIэныгъэм, Iэхум дытригъэгушхуэу, къытщытхъуу диплад, цIыхум пщIэ хуэтщIу дигъэсащ. «ЦIыхум и Iеймрэ гулъымытэмэ нэхъыфIщ, ар армырми уи нэм къыщIоуэ. Дэтхэнэми фIы гуэр хэлъщ. Мис а фIыращ узыльхьуэн хуейр. Пэжщ, ар лэжьыгъэшхэуэ икIи тыншкъым псори зыхуэхъурджауэм ирфI улъыхьэуну, ауэ цIыхум и пIэ уиувэу апхуэдэу щIэхъуар зыхэпщIэмэ, езы цIыхур къыбгурыIуэну нэхъ тыншщ», - жиIэрт. ИтIанэ, мамэ къабзэлъабзагъэр фIэфIт хуабжьу. Iэхъу дигъащIэмэ, дигъэпхъанкIэмэ, дигъэжьыщIэмэ, мыпхуэдэущ зэрыфIщIынур жиIэу къыдимыубыдыпIэу, щIагъыбзэкIэ, щапхъэ защIэкIэ къыдгуригъаIуэрт. Дэрбзэр Iэзэт мамэ, дэри абы дыхуригъэсащ.

- Сытхэм дежт а псоми щыхунэсыр?

- Жэщым... Сэ мамэ сыщегупсыскIэ, и щхьэр ехьэхауэ щысу си нэгу къыщIоувэж. Ар апхуэдэу щIыщысыр е тхэуэ, е дэуэ арат. Гъунапкъэншэт абы и псэр, си ныбжьыр хэкIуэтэху нэхъри къызгуроIуэ ар.

- Анэм и щIэныгъэм, и дуней еплъыкIэм елъытауэщ и бынхэри зэригъасэр. Фэ сыт хуэдэ Iуэху нэхъыщхьэм фыхуигъэса Рае, езыр цIыху телъыджэу зэрыщытар къэплъытэмэ?

- Совет зэманым укъызыхэкIа лъэпкъыр, уи анэдэлъхубзэр, уи хабзэр япэ ибгъэщу ядэртэкъым. Псори зэхуэдэу совет цIыхут. Ауэ мамэ хуэзэфIэкIащ хэкупсэу дипIыну, ди бзэмрэ ди хабзэмрэ тIащIимыригъэхуну. Садикым сыкIуэху урысибзэкIэ зы псалъэ сщIакъым сэ, адыгэбзэт ди унагъуэм щIыIур сытым дежи. Къапщтэмэ, властым щымышынэу адыгэр зэрыдадигэр къезыгъэщIэжахэм ди анэри яхэтауэ жыпIэ хъунущ.

- Толэрэ Раерэ нэмысышхуэ яку дэлъащ, сэ зэрысщIэмкIэ. Уи адэ-анэм я зэхущытыкIар уэ щапхъэ пхуэхъуа унагъуэ щыбухуам?

- Пэжщ, си адэ-анэр зэрыщIыхурт, къызэдэхъуат. Хабзэм къемызэгъыу иджыпсту къытщыхъунуми, си адэм мамэ пщIэ хуищIыр игъэлъэгъуэну, ар япэ иригъэщынну, иIэтыну фIэфIт, къищынэмыщIауэ, зэныбжьэгъуфIу щытауэ жыпIэ хъунущ. Дауи, унагъуэ псори апхуэдэу щыту къысщыхъурт. Гугъу зэрегъэхь зэлIэзфыз япэу щыслъэгъуаам, абыхэм я зэхущытыкIэмрэ зэпсэлъэкIэмрэ щызэхэсхам, ар апхуэдэу щIыщытыр къызгурымыIуэ згъэщIэгъуат. Сэ си ныбжь нэсу, унагъуэ сихьэн хуей щыхъум, си адэ-анэм я зэхущытыкIэр гъуазэу сиIащ. Зэмыщхь зэрихьэлIэжыркъым жаIэ, хьэлкIэ си адэм хуэдэщ щхьэгъуэз схуэхуар. Мамэрэ папэрэ музыкэм, литературэм, тхыдэм, гъуажджэм зэпымычу тепсэлъыхьырт, икIи зэи къэхуакъым а тIым я Iуэху еплъыкIэр зэтемыхуауэ. Хуабжьу саухэныкъэщ абыхэм.

- ЦIыхур сыт хуэдэ ныбжь имытами, и адэ-анэр Iэщ Iэкъыну хуейкъым...

- Мамэ дызыхуигъэIущадкэр иджы къызгурыIуэу аращ, сыту пэжт абы жиIэу щытар, жыслэу сегупсысу. Си диссертацэр щыстхым зыгуэр сымыщIэмэ е къызгурымыIуэмэ, мамэ сеупщIырт. ИкIи бжьгъэхэм, Iэхугъуэхэм ятеухуауэ, уеблэмэ пIэпкъ псом я тхыдэ гукIэ ищIэу, асыхьэту жэуап къызитырт. Благъи, Iыхьлыи, ныбжьэгъуи, гъунэгъуи, псори къыхуэныкъэт мамэ. Дзыхь, пщIэ къыхуащIырт.

И IэщIагъэр и гъащIэт

ЕджапIэ нэхъыщхьэр къэзухыу лэжьэн зэрыщIэздзэу къэсцIыхуащ Рае. Ар псэуху чэнджэщэгъуу диIащ. Уеблэмэ, зигъэпсэхуну тIысыжа нэужь, Iэхъу гуэрхэмкIэ дылъыгъуаззу щытащ. ФIыуэ слъагъурт хуабжьу, пщIэшхуи хуэсщIырт. Лэжьыгъэм теухауэ абы пэсщIын зы цIыху срихьэлIакъым. Псори зэхуэдэу лажьэркъым, пэжыр пэжщ. Ауэ Рае хуэдэу журналист лъэщ срихьэлIакъым. Ди гъэтIылъыгъэхэр, дэфтэрхэр электроннэ дощI иджыпсту. Нэтыну миным щIигъу Рае и Iэдакъэщ Iэкъыку хэлъщ абыхэм, дызылъэмыIэсауэ, демылажьыжауэ иджыри щыIэм и гугъу сщIыхэсркъым. Езым и унэ щиIыгъа, и фонотекэм хэлъахэри къриГъэшэжауэ щытащ.

МЫ ДУНЕЙМ ауэ сытми зыри къыщыхъурькъым, уи жагъуэ хъун гуэр хъыпщыщIами, ар апхуэдэу щытын хуейуэ, абы зы гъуэгу гуэрым утришэну къэхъууращ. Апхуэдэт Рае и насыпри. А философиеми филологиеми хъарзынэ дыдэу хэзэгъэнут ар, ауэ журналистикэм хэлъхьэныгъэу хуищIам хуэдиз зыхуэзфIэкIын диIэнутэкъым, Рае и гъащIэр апхуэдэу къемыкIуэкIатэмэ.

Рае и редакцэм сэ зэи сыщылэжьакъым. Ауэ сыт сымыгъэхьэзырами, Рае едаIуэрт, къысщытхъурт, сытригъэгушхуэрт, зыгуэр къемызэгъыу жысIами, абы гу лъызигъэтэжырт. Апхуэдэу къекIуэкIыурэ, урыс редакцэм сыкIуащ. Абы щыгъуэ Рае хамэ къэрал кIуэ нэтынхэр щагъэхьэзыр къудамэм щыIэт. «КуэдкIэ сыпщыгугъат сэ! Адыгэ редакцэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэпщIыну сыпэплъэрт! Си жагъуэ дыдэ хъуащ», - къызжиIауэ щытащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, езым и лэжьыгъэм и закъуэ мыхъуу, дэтхэнэ зыми къыткIэлъыплIу, къыздэдаIуэу, нэхъыжьыфI набдзэгубдзаплъэу къытхэтт.

Пенсэм кIуа нэужь, къыдэкIыурэ лажьэрт ар. Губзыгъащэт! Абы и псэлъэкIэм уедаIуэу, псалъэхэр зэрызэкIэлыигъакIуэм ущIэдаIуу ущысыну уасэ иIэтэкъым. «Ирэби, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм дызэхэфхуэ пIэрэ?!» - зызыхуигъаззэкэр илъагъу хуэдэу жиIэрт абы, нэтынкъ щригъэтхкIэ. Пэжу, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум къикIыу тхыгъэ бжыгъэншэкэр къыхуэкIуэрт. И макъымкIэ уэрамым къыщацIыхужу апхуэдэт.

Ноби ди тхакIуэ, усакIуэ, узэщIакIуэ цIыхушхуэхэм дащытепсэлъыхькIэ, дащытетхыхькIэ, псом япэ дызэпхъуэр Рае и тхыгъэхэращ, абы къызэринэкIа лэжьыгъэхэращ.

Рае и макъым зригъэIэтауэ, хабзэмрэ гъэсэныгъэмрэ къемызэгъ гуэр къыжьэдкIауэ зэхэтхакъым. И пщIэмрэ и нэмысымрэ иIыгъыжу, и щхьэ и уасэ ищIэжу цIыхубз зэтетт. Абы хэти щыхьэт техъуэнущ.

Зэгуэр Рае и махуэшхуэм теухауэ нэтын згъэхьэзырырти, къэзгъэпсалъэну сыкIуащ. «Уи лэжьыгъэр, уи Iэщ Iагъэр сыт уи дежкIэ зищIысыр?», - жысIэри сеупщIат. «Уи гъащIэр сыт зищIысыр? Апхуэдэущ лажьыгъэм сызэрыхущытри... Си Iэщ Iагъэр - си гъащIэщ!» - жиIат. Пэж дыдэуи, радиор и гъащIэт абы. Абы ирипсэурт, хьэуам хуэдэу хуэныкъуэт.

МЭРЕМКЪУЛ Ларисэ.

Зэдеджахэу Цагъуэ Тамарэ, АфIэунэ Рае, Белгъэрокъуэ Евгение сымэ. *1952 гъэ*

Хьэхъупащ Iэ Амырхъанрэ Шахмурзаев Сэхьидрэ ящIыгъуу.

Анатолэрэ Раерэ. *1954 гъэ*

Рае и гуащэ-тхьэмадэмрэ ипхъуэмрэ я гъусэу.

Унагъуэм зэгъусэу загъэпсэху.

Журналистикэм романтикэ гуэр хилъагъуэрт

Сызэрыщ Iыкъ ЫнутIэрэ нанэ и лэжьапIэм сызэдишэу, нэтынхэр зэритхым сеплъу, седаIуэу, уеблэмэ сэри сабий нэтынхэм сыхигъэхьэу сыкъэхъущ. Радиом къит нэтыныр зэпэщ пщIыным пыщIа лэжьыгъэм и инагъыр си нэгу щIэкIырт, сыдиныхэхауэ си анэ-шхуэм и лэжьэкIэм сеплъырт, ауэ сэри журналист сыхъуарэт жысIэу зэи сыхъуапсэртэкъым. Езы нанэ и лэжьыгъэм елIалIэу, сытым дежи и гупсысэхэр абы етауэ, гурэ псэкIэ хуэпэжу щытащ. Ар цIыхухэм фIыуэ къалъагъурт. Хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм нэтынхэр хуагъэхьэзыру щIадза нэужь нанэ абы зэрыщыгуфIыкIамрэ псэемыблэжу зэрылэжьамрэ уи нэгу къыпхущIэгъэхьэнкъым!

ПЭЖЩ, си анэшхуэр еджапIэ нэхъыщхьэ щIэтIысхьэну Москва щыкIуам и Iэхухэр зэхэзэрыхьри, зэрымыщIэкIэ журналистикэм щIэхуауэ арат. Сыщеджэфынукъым, схуэзфIэкIынукъым, сыпэлъэщынукъым жиIэурэ куэдрэ тепыхьауэ жиIэжырт, ауэ ди адэшхуэм тригъэгушхуащ «филологиери философиери фIыщ, ауэ укъызыхуигъэщIар а журналистикэрауэ къыщохъу», жиIэри. А тIум пщIэшхуэрэ нэмысрэ я зэхуаку дэлът, зыр зым игъэгушхуэу, зэщхьэгъуэсэм и закъуэ мыхъуу, зэныбжьэгъуу къызэдекIуэкIащ.

Нанэ пщIэ къызэрыхущIыр, къызэрегъэджащ, щапхъэ зэрытрахыр щыслъагъукIэ, сыгуфIэрт, сыгушхуэрт. Езыми радиом ущылажьэным, уи макъыр дуней псом щызэхахыу, макъ закъуэкIэ укъащIыхужу журналисту ущытыным зы романтикэ гуэр хилъагъуэрт. Пенсэ тIысыжа нэужьи, дашыжри, зыкъомрэ лэжьащ иджыри. Си фIэщ хъуркъым абы хуэдэу си Iэщ Iагъэр фIыуэ зыльэгъуа цIыху щыIауэ. И нэтынхэр ихъумэрт абы, библиотекэ, фонотекэшхуэхэр и унэм къыщызэригъэпэщащэ.

Ноби радиом и унэм IэхуэкIэ сыкIуаурэ и пырхъуэхэм сыщрикIуэкIэ, си сабиигъуэр сигу къокIыж, нани Iэху гуэрхэр кърихуэкIыу зы пэш къыщIэкIмэ адрейм щIыхьэу си нэгу къыщIоувэ.

Си адэшхуэ-анэшхуэм я щIэблэм ящыщу сэ зыращ журналистикэр къыхэзыхар. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, лъагъуитI зэбгъурыту хэсщащ - дадэ хуэдэу бзэ щIэныгъэхэм си гур хуэзIухауэ есшажьри, нанэ и журналистикэм зыкъеестыжащ. Кандидат лэжьыгъэр пхызгъэкIащ, уеблэмэ, щIэныгъэр Iэщ Iыб сщIыуэ, тхэным сыкъыщыхуэкIуэжакIэ, къарууцIуэу къыщIэкIынущ ар. Пэжщ, «Горянка» газетым пэжьапIэ сыкъыщыувам сышынэрт, сыгузавэрт. АфIэунэ Рае и пхъурылъхущ жаIэху зыскъузырт, журналист Iэзэу щыта си анэшхуэм си зэфIэкIкIэ сылъэщIэмыихьэу и напэр тесхмэ жысIэу. Абы къыхэкIыу, япэ илъэсым зыспIытI-зысхузу сыщытащ. Иужьым къызгурыIуэжащ - сызэрыщIыкIурэ нанэ сыхуигъэхьэзырат журналистикэм, абы сыкъыщIэтэджыкIащ, иджыри къэс къызгурымыIуам, АфIэунэ Рае сригъэсэнт!

Си анэшхуэм сыт хуэдэ лэжьыгъэ и пщэ дамылъхьами, ар абы хуэдэу зыми хуэмыгъэзащIэну цIыху гумызагъэт. Дэни хэзэгъэнут! Езыми арат жиIэр: «Уэрам спхъэнкIыу сылэжьатэми, а IэхуэмкIэ зы цIыху зытеэкIуэнутэкъым!».

БИТОКЪУ Маринэ,
Рае и пхъурылъхъу.

НапэкIуэцIхэр зыгъэхьэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ.**

И нурыр дунейм тетщ

Си сабиигъуэм щыгъуэ диIауэ щытащ блын радио цIыкIу, тебгъэкIи тебухуи мыхъуу. Налшыкыр псалъэу, абы и нэтынхэр иухмэ Урысейм и радиом пищэу зэпымыууэ лажьэу. Мис а радиом щIыгъуу ди адэмрэ АфIэунэ Рае сигу къокIыж. Сыту жыпIэмэ, Рае и зы нэтын ди адэм блигъэкIынкIэ Iэмал иIэтэкъым. Рае къыщыпсалъэм деж унагъуэм щIэсым щыщ дыпсэлъэн дэнэ къэна, къэткIухьыну дыхуиттэкъым. «ФедаIуэт ар губзыгъуэ зэрыпсалъэм, ар зэрыIущым», - жиIэрт.

РАДИОМ лэжьэн щыщыщIэздзам зэуэ гу лъыстащ Рае щыIэу зэпIэзэрыту зэрыщытым, Iэдзбагъ хэлъу зэрыпсалъэм. АфIэунэ Рае адрейхэм къыхагъэщхьэжкIырт, радиом едаIуэхэм къабгъэдэкIыу щытхъу тхыгъэ куэд къыIэрыхьэрт.

Тысыжьыным куэд имыIэжу Рае и нэр операцэ иригъэщIын хуей хъуати, дэлажьэхэр хуэгузавэрт абы. Ар зэфIэкIаеу ныщIгъэзэжам «Рае къыдэкIыжащ», - жаIэри, псори и кабинетым щIыхьэурэ ялъэгъуат. Сэри сыщыщIыхьам и закъуэу тхэуэ щыст. И щIыбагъымкIэ сыкъэдыхьэри хуэм цIыкIуу и пщэм зесшэкIащ. Рае къэгумащIэри, и нэпсыр къекIуат. «СыкъэбгъэгумэщIащ, сэ си нэпс къыщIэкI хъунукъым», - жиIэри, къызэшхыдзурэ и нэпсыр щIилъэщIыкIат. А зэрат игъащIэм Рае къэгумэхауэ щыслъэгъуари, къуаншагъэ гуэр сщIам хуэдэу, сригузэвэжат.

Зы хьэлымрэ зы щэным тет адыгэ бзылъхугъэм и псалъэм едэIуа куэдым IэфIу ар ягу къинауэ къыщIэкIынущ. Псом хуэмыдэу «Вагъуэ жыжьэхэм я нур» и тхылъым ихуахэм я бынхэмрэ я Iыхьлыхэмрэ. А тхылъыр зытриухуауэ щытахэм ядэ нурым я гъусэу, АфIэунэ Рае и нурри дунейм тетщ.

ВЫНДЫЖЬ Марие,
КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

● И лэжьэгъуу щытахэм я гукъэкIыжхэр

ЦIыхухэм я гум къишхыдыкIырт

Рае и хъыбар щыжаIэкIэ, сигу къокIыж школым сыщыщIэса илъэсхэр - 60 гъэхэр. А зэманым ди хьэблэм радио имыIэу зы унагъуи дэстэкъым. ИкIи яфIэфIыпсу едаIуэхэр. Псом хуэмыдэу ягу ирихьыт Рае иригъэкIуэкI нэтынхэр. Ар къыщыпсалъэ махуэр ящIэрти, хьэблэ щIыхуабэхэр едаIуэрт, пщыхьэщхьэкIэ-рэ унащхьэ чэзууэ зэхуэсырти, а зэхахар «ягъэныщкIуэкIыр». Iэджэрэ зэхэсхащ ди унэм уэршэракIуэ къэкIуахэр Рае зи щхьэфэ иIэба Iуэхугъуэхэм щытепсэлъыхьыжу. Сэри си жагъуэтэкъым радиом къитхэм седэIуэну. Нэхъ сыдэзэыхьэхыр спектакль, инсценировкэ хуэдэхэрат, уэрэдхэрт. Уеблэмэ, 7 - 8-нэ классхэм сыщыщIэсыж мыззэ-мытIэу Рае письмо хуэсIат, «Уи «Iэдижьхур» ди хьэблэм хуабжьу ягу ирохь, сэри абы хэбгъэхьэ уэрэдхэм сфIэфIу содаIуэ, мыпхуэдэ артистым игъэзащIэ уэрэдыр иджыри зэ къебгъэтыжыну сынолъэIу», - жысIэу.

ДАУИ, абы щыгъуэ си щIыпхъэпIэ къыхэхуэгъэкъым Рае зэгуэр лэжьэгъу сыхуэхъуну. Радиом сыкъащта нэужьи абы игъэхъэзырэм сфIэфIыпсу седаIуэрт, «сэри апхуэдэу схузэфIэкIамэ аратэкъэ» жысIэу сыхъуапсэу. Фы дыдэу сощIэж: письмо куэд къыхуатхырт Рае. Ар зыхуэзэр 80 гъэхэм я пэщIэдзэкэрт. Радиом тхыгъэу къыIэрыхьэм и нэхъыбэр арагъэнут зыхуэгъэзар. ЗыгъэпIейтейхэмкIэ, я гурыгъу-гурыщIэхэмкIэ Рае зыкъыщIыхуагъаззэр гурыIуэгъуэт - журналист цIэрыIуэкэр нэхъыбэу зытепсэлъыхьыр цIыхухэм я гум къишхыдыкI Iуэхугъуэхэрт, унагъуэм щIэзекIуэн хуей хабзэр, нэхъыжьым хуэщIыпхъэ пщIэр, гуащэмрэ нысэмрэ яку дэлъыпхъэ нэмысыр, щIэблэм я гъэсэныгъэрт. Апхуэдэу Рае куэдрэ я гугъу ищIырт ди жьлэхэм пщIэшхуэ зыхуэдэу дэс, щапхъэу ягъэльэгъуэ унагъуэфIхэм.

Си щхьэм пщIэхуэзыщIыжьцIыхут АфIэунэр. Абы и зы щапхъэ къэсхьынщ. Зэгуэрым ар ирагъэблэгъат Джэрмэнэшык къуажэм, зауэм хэтахэр, фызабэу къэнахэр ягъэльэпIэу абы щрагъэкIуэкIыну зэхуэсым хэтмэ я гуапэу. «НакIуэ, Ахьмэд, къыпщхьэпэн гуэр щыплъагъунщ, щыптхынщ», - жиIэу къыщызбгъэдыхьэм си гуапэу сыдежьащ. Зэхуэсым щIидзэным зэманыфI иIэу дынэсащ къуажэм. Колхоз правленэм дыщыхьэху Iуэхур зытетыр зригъэщIа, тIэкIурэ зэдзэупсэрэ нэужь, жылэм и унафэщIхэм ящыщ зым Рае жреIэ:

- НтIэ, зэманыр пщIэнэу сымыгъакIуэу а зи гугъу пщIа унагъуэ дахэм сытетхыхьынт?

- Ахэр гъунэгъущ, мо уэрамым и кIапэ дыдэрщ, тыншу къзбгъуэтынущ.

Ар щызэхихым Рае, мыарэзыуэ, унафэщIым зыхуегъазэ:

- Апхуэдэу хъурэ?! Сыт ар къэслъыхъуэу сыщIыдэтын хуейр? Уэ сышэ е уи цIыхухэм ящыщ гуэрым срегъэлъагъу.

Абдежым унафэщIым щапхъэ къэсхьынщ. Зэгуэрым ар ирагъэблэгъат Джэрмэнэшык къуажэм, зауэм хэтахэр, фызабэу къэнахэр ягъэльэпIэу абы щрагъэкIуэкIыну зэхуэсым хэтмэ я гуапэу. «НакIуэ, Ахьмэд, къыпщхьэпэн гуэр щыплъагъунщ, щыптхынщ», - жиIэу къыщызбгъэдыхьэм си гуапэу сыдежьащ. Зэхуэсым щIидзэным зэманыфI иIэу дынэсащ къуажэм. Колхоз правленэм дыщыхьэху Iуэхур зытетыр зригъэщIа, тIэкIурэ зэдзэупсэрэ нэужь, жылэм и унафэщIхэм ящыщ зым Рае жреIэ:

- НтIэ, зэманыр пщIэнэу сымыгъакIуэу а зи гугъу пщIа унагъуэ дахэм сытетхыхьынт?

- Ахэр гъунэгъущ, мо уэрамым и кIапэ дыдэрщ, тыншу къзбгъуэтынущ.

- Апхуэдэу хъурэ?! Сыт ар къэслъыхъуэу сыщIыдэтын хуейр? Уэ сышэ е уи цIыхухэм ящыщ гуэрым срегъэлъагъу.

Абдежым унафэщIым къыгурыIуэжащ щIэщхъу къызэрыщыщIар икIи жыхуиIа унагъуэм Рае машинэкIэ нигъэсащ.

Рае ящыщтэкъым IэхъуэгъуэтегъэкIыу зи лэжьыгъэм бгъэдыхьэхэм. Дэтхэнэ зы нэтынми хуабжьу зригъэлIалIэрт, зэманыфIи тригъэкIуадэрт. Дэ, нэхъыщIэхэм, дгъэхьэзырхэми едаIуэрт зэман-зэманкIэ. И гу ирихьамэ къыпщытхъунут, иримыхьамэ - «Тхъэ, нэтыным уемыгугъуауэ къысщохъумэ» жиIэнт. Арати, дэри ди щыуагъэхэр зэрыдгъэзэкIуэжыным яужь дитт.

Куэд уигу къыпхуэгъэкIыжынущ хьэл-щэн зэтет зиIа а бзылъхугъэ зэчиифIэм и лэжьэкIам, и цIыху хэтыкIам, республикэ псом фIы и лъэныкъуэкIэ къыщацIыхуу зэрыщытам теухуауэ. Щэч хэлъкъым лъэпкъ журналистикэм абы лъэныкъ дахэ къызэрыщинам. Рае и Iэдакъэщ IэкIхэм ящыщ куэд ноби щIэлъщ ди радиом, «дыщэ гъэтIылъыгъэхэр» жыхуаIэ фондым щахъумэу. Абы и фIыгъэкIэ ноби едэIуэфынущ лъэпкъыIл цIэрыIуэхэу КIыщокъуэ Алим, Шортэн Аскэрбий, Хьэхъупащ Iэ Амырхъан, Елбэрд Хьэсэн сымэ, нэгъуэщIхэми я макъхэм.

МЫЗ Ахьмэд,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

ЩІэблэр дахагъэм щІапІыкІ

Лъэпкъым и фІыгъуэ нэхъ лъапІэ дыдэр - бзэр - хъумэныр, абы зегъэужьыныр зи къалэн нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ фестиваль-зэпеуэм Анзорей дэт. Табыхъу Хьэзрит и цІэр зезыхьэ 1-нэ курыт еджапІэр хэтащ.

КЪЭПЩЫТАКІУЭ гупым хэту абыхэм яхуеблэгъат: КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхъуэхэмкіэ и министерствэм лъэпкъыбзэмкіэ и къудамэм и унафэщІ, къэпщытакІуэ гупым и Іэтащхьэ **Табыщ Мурат**, Егъэджакіуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ институтым лъэпкъыбзэхэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ **Инчы Иринэ**, Урыху къуажэм дэт курыт школым урысыбзэмкІэ и егъэджакІуэ **ХьэцІыкІу Раисэ**, а школым и психолог-егъэджакІуэ **Срыкъуэ Роэз**, Бахъсэн къалэм егъэджэныгъэмкІэ и департаментым и методист **АфэщІагъуэ Маритэ**, Налшык дэт 4-нэ гимназием и егъэджакІуэ **Уэркъуасэ Иринэ**, Налшык дэт 1-нэ гимназием и егъэджакІуэ **Махуэ Маринэ**, Лашынкъей дэт 1-нэ курыт еджапІэм и егъэджакІуэ **Къуэныкъуей Раисэ**, Щэджэм къалэ дэт 1-нэ курыт еджапІэм и егъэджакІуэ **Къардэн Олеся**, Псыншокъуэ курыт еджапІэм и унафэщІым и къуэдзэ, егъэджакІуэ **Ахъмэт Рустам** сымэ.

Къуажэ дзэлъэдапІэм деж хьэщІэхэм къащыпежащ Лэскэн щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэхэу **Алтуд Заур**, **АфІэунэ Мухьэдин**, **Апекъуэ Іэмин** сымэ, Анзорей къуажэм и Іэтащхьэ **Апэжьыхь Батырбий**, Лэскэн районым егъэджэныгъэмкІэ и Іэхъущапхъэм и унафэщІ **ХьэщІэлі Жаннэ**, абы и къуэдзэ Едгъуэ Залинэ, куейм адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Атэлыкъ Альмирэ**, Анзорей дэт 1-нэ курыт еджапІэм и унафэщІ **ТІэш Светланэ**, егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ абы и къуэдзэ **Мэхъуауэ Оксанэ**, нэгъуэщІхэри.

Курыт еджапІэр зытет уэрамым и гъуэгугъуитІым еувэкІат адыгэ фащэ екІуэкэр эщыщІу щІалэ къуданхэмрэ пащащэ цІыкІухэмрэ. Школ пащІантІмэм цІыкІуэр щыпэкІурт. Адыгэ кьафэм и макъ дахэм дахуарзэу утыкум еджакІуэ цІыкІухэр къыщыфэрт. Сабий дыхьэшх макъым къыгъэпсалъэ пщІантІэм хьэщІэ нышыр щагъавэрт, абы пэмыжьыжьэу цІыхубз нэхъыжьхэм хьэлыуэ щащІырт. Берычэт зэрылъ унагъэшхуэм хьэщІэ къахуэкІуэну зэрызагъэхьэзырыр нэрылъагъут.

ЕджапІэм и куэбжэгъэм деж хьэщІэхэм къащыпежащ Лэскэн щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэхэу **Алтуд Заур**, **АфІэунэ Мухьэдин**, **Апекъуэ Іэмин** сымэ, Анзорей къуажэм и Іэтащхьэ **Апэжьыхь Батырбий**, Лэскэн районым егъэджэныгъэмкІэ и Іэхъущапхъэм и унафэщІ **ХьэщІэлі Жаннэ**, абы и къуэдзэ Едгъуэ Залинэ, куейм адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Атэлыкъ Альмирэ**, Анзорей дэт 1-нэ курыт еджапІэм и унафэщІ **ТІэш Светланэ**, егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэмкІэ абы и къуэдзэ **Мэхъуауэ Оксанэ**, нэгъуэщІхэри.

ПІэІущІэ пэшым деж къыщыдэзрагъэпэщащ, еджакІуэхэм я Іэдакъэщ Іэкіэхэм иращІэкІа «Нэм и пльапІэ, Іэм и зэфІэкІ» зыфІащащ гъэлъэгъуэныгъэмкІэ ирагъэжьащ Іуэхур. Дерсщ Іыбэ лэжьыгъэр мы еджапІэм екІуу къыщыщІэзэгъэпэщам и щыхьэт тхылъ зэрыщІыгъурт, музейм щигъуэта номерыр, хьэпшыпым хуагъэфэща ныбжьыр, кьыздикІар, еджапІэм къыщыІэрыхьа илъэсыр иту. Музей лэжьыгъэм мыхьэнэзышхэу иІэщ щІэблэр гъэсэныжмкІэ. Ар мы еджапІэм къыздэсыщалъытэр, екІуэр ещхьу зэтеубла зэрыхьэуар нэрылъагъут.

Гъэщ Іэгъуэнт Темыркъан Юрэ теухуауэ ящІа гъэлъэгъуэныгъэри. И сабиигъуэм къыщыщІэдзауэ ди нобэм къэсыху дирижёр цІэрыІуэм и гъащІэм и кьекІуэкІыкІар щынэрылъагъут абы.

Адэкіэ хьэщІэкэр ирагъэблэгъащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм хуагъэхьэзыра дерсхэм ящыщу щыІэщІэм теухуауэ еджакІуэхэм зрагъэщІар къызэщІэзэкъуэж мастер-классым, **Дэунэж Аксанэ** 3-нэ классым щригъэкІуэкІам. Егъэджакіуэм кьигъэлъэгъуащ щыІэщІэм ехьэлІауэ еджакІуэхэм ярита щІэныгъэр Іэмал зэхуэмыдэхэм тету зэрабгъэдилъхьар, апхуэдэ дыдэуи къазэрыпкърыхьыжьыфІр.

Шагьыр Іэдакъэ псысэм къытрищІыкІыу пэщІэдзэ классхэм щІэс щыкІуэкэр щыджэгуу игъэува «Таурыхъ щІынальэм дыщохьэщІэ» теплъэгъуэр классщІыб лэжьыгъэу гъэпсами, бзэм зегъэужьыным, уэршэрыкІэм хуегъэсэным, утыку итыкІэр егъэщІэным хуэзэнтІа лэжьыгъэшхуэт. Гулъытэншэу къэнакъым джэгуакІуэ щыкІуэр зэрыта утыкум и кьыззэгъэпэщыкІэри: интерьёрыр, Іэмэпсымэхэр, джэгухэм я фащэхэр. Псори зы гупсысэм телажьэу гъэпсат.

Адыгэбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэ **Къуэкъуей Оксанэ** «ФІы зылэжь и пщІэ кІуэдкъым» фІэщыгъэр иІэу 2-нэ классым щригъэкІуэкІа дерс-уэрэшэру зыгъуэкІуэ щІытар адыгэ шыкІэпшынэу щІэрыІуэ Щауэжь Елмырзэт. Уэршэрыр егъэджакІуэм трищІыкъащ Щауэжьым и гъащІэмрэ и кьекІуэкІыкІамрэ, лъэпкъ щІэныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэм. Адыгэ литературэм и щапхъэхэр уэру зыхуэхуэна мы дерсыр уэршэр къудей мыхъуу, къэхутэныгъэ псо ирикъуат.

ЗэгуІэр и кІэм нэмыс щыкІэ зэпещытакІуэхэр щыгъуаззэ хуащІащ адыгэбзэр школым щезыгъэджэхэм я методикэ зэгухьэныгъэм ирагъэкІуэкІ пэжьыгъэхэм, къапэщылъ къалэнхэм, яІэ мурадхэм. Ахэр купщІафІэу икІи къызыхуэтыншэу къалъытащ къудым.

Анзорей щекІуэкІа «Си бзэ - си псэ, сидуней» зэпеуэр зэхуэзыщыжь классщІыб лэжьыгъэри зыгъэхьэзырар Къуэкъуей Оксанэт. Ар зэрекІуэкІа зы сыхьэтым школакІуэхэр къэфащ, театр теплъэгъуэхэм хэтащ, творческэ лэжьыгъэхэр утыку кърахьащ. А псор зытеухуэжар адыгэ лъэпкъымрэ хэкумрэти, бзэ шэрыуэ зыІурылъ ныбжьыщІэхэм ялъэкІ къагъэнакъым.

Тхыгъэри сурэтхэри зейр
ХЬЭРЭДУРЭ Аллэщ.

Евтушенкэ Евгений усэным къыхуигъэщІат

И ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрыщрикъур щигъэлъэпІэнур къэсыным махуэ бжыгъэ фІэкІа къэмынэжауэ дунейм ехьжащ усакІуэ цІэрыІуэ, и усэхэм дихьэхэм ящІыжьэу, епсэлъыпІэну фІэфІ дыдэт. Урысейм и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм и пшыхьхэр зэпымыууэ къыщІыщІэзрагъэпэщри арат.

Ди республикэм исхэми я насып къихьащ а цІыху цІэрыІуэр нэхъ гъунэгъуу зрагъэцІыхуну: Евтушенкэ Евгений Къэбэрдей-Балъкъэрым тхьэмахуэкІэ щыхьэщІащ. Ар республикэм и Іэхъуэмрэ къуажэхэмрэ щыІащ, усакІуэхэм, тхакІуэхэм, сурэтыщІхэм яІущІащ.

КъБР-м и Музыкэ театрым щекІуэкІащ Евтушенкэ Евгений и пшыхь. Ар иригъэжьауэ щытащ КъБР-м и цІыхубз усакІуэ Кулиев Къайсын и усэкІэ. КъБР-м и цІыхубз усакІуэ КІыщокъуэ Алими хуэдэу, Кулиеври и ныбжьагъуу щытащ абы. Налшык ар щыІущІат и ныбжьэгъу дирижёр цІэрыІуэ Темыркъан Юрий.

Музыкэ театрым и пэшыышхуэм щІэзу щызэхуэса цІыхухэм пщІэшхуэ хуащІу ирагъэблэгъат Евтушенкэ Евгений. Абы щыгъуэм мащІэт щыгъуазэр усакІуэр хьэлъэу зэрысмаджэм, дзэпыкъуэгъу псынщІэм и дохутырхэр пшыхьым зэрыщыплъырым.

● Фэеплъ

Ди республикэм щыпсэухэм я ныбжьэгъу хьуат Евтушенкэ Евгений. Щэнхабзэ Іуэху гъэщІэгъуэни зэдзэгъэзэщІэну дубзыхуат. Мы гъэмахуэм усакІуэр Налшык къэкІуэну дыпэплъэрт. Ауэ, нэгъуэщІу ихуащ. Дунейм зэрехьжар жагъуэ зэрыщыхьэуар къэІуэтэгъуейщ. Къэралым и гъусэу дэри дощыгъуэ.

Евтушенкэ Евгений и щхьэгъусэ Новиковэ Марие, дунейм ехьжкам и благъэхэм, Іыхьлыхэм дахуогузавэ.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэ, КъБР-м и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэ.

● Зэпеуэхэр

Ныбжьыщ Іэхэм я зэфІэкІыр наІуэ ящІ

Щэджэм районыр хэтащ сабий-ныбжьыщІэ творчествэмкІэ «Хороводэ традициитІ» урысейпсо фестивальым и щІыналъэ Іыхьэм.

НЫБЖЬЫЩІЭХЭР утыкум къыздэдыхащ я зэфІэкІыр, Іэзэгъэр наІуэ ящІыну, нэхъыщхьэраци, я щІыналъэм и щэнхабзэ къулейм нэхъ куууэ зыхагъэгъуэзэну.

Фестивалым и къалэныр щІалэгъуалэ зэчиифІэр зэрыгъэІэпыхунырщ, абыхэм я творческэ ехъулІэныгъэхэм хэгъэхъуэныращ, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм къаухкІа сабийхэр зэныбжьэгъугъэхкІэ зэпыщІэныращ.

УэрэджьыдакІуэ, кьэфакІуэ ныбжьыщІэхэм, декоративно-прикладнай гъуэзджэм дихьэх сабийхэм я зэфІэкІыр щагъэлъагъуэ зэпеуэхэр гъэщІэгъуэныр екІуэкІащ. Абыхэм хэта дэтхэнэми дзэныхэх творческэ унэтІыныгъэмкІэ хуэзэфІэкІыр наІуэ ищІащ икІи Іуэрыгъэатэм теухуа къэхутэныгъэ лэжьыгъэ хьэлэмэтэхэр куэдым ирагъэкІуэкІащ.

Фестивалым нэхъыфІу къыщыдытахэм республикэ утыкум я зэфІэкІ щагъэлъагъэнущ, адэкІэ я насып кьрихьэкІмэ, урысейпсо зэпеуэм щытекІуэным, «Егъэджэныгъэ» проектым и саугъэт нэхъыщхьэм ухуейщ Іэмал яІэнущ.

«Хороводэ традициитІ» фестивалым щытекІуэхэм Щэджэм район администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и управленэм и медалэхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ ираташ.

КІАРЭ Элинэ.

● Промышленность

ІэмэпсымэщІэхэм елэжьынущ

Федеральнэ хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм къызэратамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым 3 D томографхэр къыщыщІагъэкІынущ.

АБы елэжьынур иджырей Іэмэпсымэщ Іэхэр ехъулІэныгъэ иІэу къыщІэзыгъэкІ, Урысей псом фІыуэ къыщацІыху «Севкаврентген-Д» ІуэхущапІэрщ. Ди къэралым ит заводхэм ящыщу мыбы и закъуэщ жауапльныгъэ ин зыпылъ а Іуэхур дзыхь зыхуаущІар. ИнвестицІэхэм ятеухуауэ иджыблагъэ Сочэ щекІуэкІа зэІущІэм мы Іуэхущ Іапі эмрэ «Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыныммкІэ корпорацэ» ІэнатІэмрэ зэдзлэжьэну зэгурыІуэныгъэ зэращІылащ.

«Севкаврентген-Д» ООО-м рентген Іэмэпсымэхэмкіэ къызэригъэпщІкІ куейщ Кавказым и Минеральные Воды щыпІэм щаухуэну медицинэ Іуэхущ Іапі э иным и Іэнатіэ псори.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Тэрч щІыналъэ

Псы ежэх къабзэхэм - псы Іуфэ къабзэ

Апхуэдэ фІэщыгъэм щІэту Джылахъстэнеим щрагъэкІуэкІащ щІыуэпс къабзагъэм теухуа Іуэху.

ТЭРЧ район администрацэм и къыбарегъащІэ Іэнатіэм къызэритымкІэ, мы Іуэхум жыджэру хэтащ Дей къуажэм Кьанкъуэщым и цІэр зэрихьэу дэт курыт школым щеджэхэр. ЦІыкІухэм егугъуу зэщІакъуэри Іуашащ Тэрч псым и Іуфэм щызэтрихьа пластик, тхылъымпІэ кІэрыхубжьэрыхухэр.

«Тэрч псы Іуфэр игъащІэм цІыхухэм я зыплъыхьыпІэу, зыгъэпсэхупІэу щытащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, кІуэ пэтми зехъуэ а дахагъэм. Эмэн ипэкІэ Іуфэ удзыпцІэ дахэу щытахэр пластиккэкІхэмрэ псым хадзэ пхъэнкІий-мрэ ясеящ икІи абыкІэ къуаншэр езы жылагъуэдзэсхэр. Араци, мы Іуэхур щІыуэпсым дызэрыщІысхьым, къабзагъэм я къежьапІэ хъуну дыщоГугъ. Дэтхэнэ зы щІыхьми къыгурыІуапхъэщ псыр щымыкъабзэ щІыпІэм узынщагъэ зэрыщІмыІэнур», - жаІэ Іуэхур къызэзыгъэпэщахэм.

Дей къуажэм и щапхъэм тету адрей жылагъуэхэми апхуэдэ щІыхьэху щекІуэкІынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

● Спорт хъыбархэр

Футбол

Нэгъабэрейм къыпащэм хуэдэу

КъБР-м футболымкІэ и кубокыр къэхъыным теухуа зэхьэзэхуэм щІидзащ. Абы и ипэ джэгуІуэм пхъэидзэм щызэпэщІи-гъэуващ нэгъабэрей зэпеуэм и финалым щызэІущІа Сэрмакъ и «Союз»-мрэ Бахъсэн и «Автозапчасть»-мрэ.

2016 гъэм и фокІадэ мазэм Налшык и «Спартак» стадионым «Союз-Сэрмакъым» (арат абы щыгъуэм зэреджэр) кІэух зэІущІэм «Автозапчасть»-р щыхигъащІэри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и кубокыр зыІэригъэхьат. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, мыгъэрей зэпеуэм и ипэ дыдэ джэгуІуэм пхъэидзэм ахэр зэришэлІащ. Арщхьэкіэ мы зэІущІэм зэпэщІэтыныгъэшхуэ щыІакъуэм икІи Бахъсэн икІахэр бжыгъэ инкІэ щытекІуащ. Абы кІэокІ сэркмакъдзэсхэм бжьыхьэ пщІондэ фІэкІа кубокыр ямыІыгъыну - ар къэзыхьыныр иджы нэгъэущІщ.

Топ куэд щыдагъэкІащ Аргудан кьуажэмэ. Арщхьэкіэ хэгъэрейхэм топихи яхурикуакъым я хьэрхуэрэгъуэ хагъэщІэн папщІа - ХьэтІохъэщІыкІуэкІ я щыкІахэр зыкІэ нэхъыбэрэ кьыхэжанык Іащ.

Адэкіэ щыгъуазэ фьхуэтщІыщІ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и кубокыр 2017 гъэм къэхъыным теухуауэ екІуэкІ зэхьэзэхуэм и финалым и 1/16-нэ Іыхьэм ипкъ иткІэ зэхэта зэІущІэхэм къариКІуа бжьыгъэхэм: **«Майский»** (Майскэ) - **«Спартак-2001»** (Налшык) - **4:3**, **«КъБКъМУ»** (Налшык) - **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **1:2**, **«Легион»** (Налшык) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **1:5**, **«Керт»** (Къэхъун) - **«Альянс»** (Шэджэм) - **3:0**, **«Налшык»** (Налшык) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **1:5**, **«СКА-Ремонтник»** (Прохладнэ) - **«Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **2:3**, **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **1:2**, **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Тохъуэтэмыщ»** (Лашынкъей) - **7:0**, **«Малка»** - **«Нарт»** (Приреченкэ) - **4:0**, **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **1:2**, **«Союз»** (Сэрмакъ) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **0:4**, **«Бедик»** (Аргудан) - **«ХьэтІохъущыкІуей»** (ХьэтІохъущыкІуей) - **6:7**, **«Черкес»** (Шэджэм) - **«Къундетей»** (Шэджэм) - **4:5**, **«Горис-179»** (Прохладнэ) - **«СДЮСШОР-Астемыр»** - **0:1**, **«Горец»** (Балъкъэр Ипщэ) - **«Жулдуз»** (Хьэсэней) - **4:2**, **«Ансар»** (Налшык) - **«Эльбрус»** (Тырныауз) - **4:2**.

ТекІуэныгъэ къэзыхьа командэхэр финалым и 1/8-нэ Іыхьэм щыджэгунущ.

ХЬЭТАУ Ислъэм.

Бэнэкіэ хуит

Ди щІалэхэм я ехъулІэныгъэхэр

Ипщэ федеральнэ округым бэнэкІэ хуитымкІэ пашэныгъэ къыщыхьыным теухуауэ Гулькевичи къалэм щызэпеуащ 1997 - 1999 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщІэхэр.

ЯПЭ махуэм килограмм 74-рэ зи хьэлъагъэхэм я деж пашэ щыхьащ ди лъахэгъу Нартокъуэ Ислъам. Арды дэм жэзыр кьыщикъащ Джэрыджэ Артур. ЕтІуанэ махуэм екІуэкІа зэпеуэхэм, килограмм 66-рэ хъуэхэр зыхэтам, щытекІащ Зэкіуу Анзор. Гурдалиев Рэхьим (килограмм 55-рэ), Афэсэжь Аскэр (килограмм 84-рэ), Джэдгъэф Инал (килограммиі 120-м нэблагъэ) сымэ дыжьыныр къаІэрыхьащ. Килограмм 66-рэ хъу Ашэбокъуэ Сулейман жэз медальр къихьащ.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

Редактор нэхъыщхьэм и ипэ къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр

ХьэфіыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаев Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщ Іэныдэж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ І Иэз.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеухуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныр и пщІ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдзэгъаззэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и хэуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖЬэКІЭмыхъУ Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дзэныкъуэгъу* **Нэужькъуэ Заирэ.** *Компьютерхэр газетым и тепІэгъэ яІащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ,** *сурэтхэм елажьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзырац.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.711 ● Заказ №402